# Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр
Москва 2014

# Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр

ЗэзыдзэкIыгъэр ГутIэ Саныет
Сурэтхэр зышIыгъэр Бырсыр Абдулахь Махьмудэ ыкъу
ЯшIошIыхэр къыраIолIэнхэм пае
ibt_inform@ibt.org.ru

ISBN 978-5-93943-196-5
© Институт перевода Библии, 2014

## Пэублэ гущыI

Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр*» зыфиIорэ тхылъыр уапашъхьэ илъ. Джурт лъэпкъым акъылышIоу къыхэкIыгъэхэм акъылышхо зыхэлъ гущыIэхэмрэ гущыIэжъхэмрэ зы тхылъэу аугъоинэу зырагъэжьэгъагъэр илъэс мини 2-рэ 500-м къехъугъ. Мыщ къыдэхьэгъэ гущыIэ Iушхэм янахьыбэр Даутэ ыкъоу Сэлмэн ижэдэкIхэу ары зэралъытэрэр. Сэлмэн Джурт къэралыгъоу тиэрэ ыпэкIэ я 10-рэ лIэшIэгъум щыIагъэм ипачъыхьагъ. Сэлмэн цIыф Iушэу, акъылышIоу ыцIэ раIуагъ. Мы тхылъыр сыдигъуи ащ ыцIэ рапхы.

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр*» Библием изыIахьэу щыт. Библием хэт къэбархэм ащыщ мырэущтэу Тхьэм Сэлмэн къыщыриIуагъ: «„КъыпфэсшIэнэу узыфаем къыкIэлъэIу“. Сэлмэн риIожьыгъ: „Плъэпкъ иIоф зэхифыным, шIумрэ емрэ къыгурыIоным пае УиIумэт зэхэшIыкIыныгъэ къыхалъхьэба?“ Арти, Тхьэм ащ къыриIуагъ: „Ащ укъызэрэкIэлъэIугъэм, гъэшIэ кIыхьэ ухъуным укъызэрэкIэмылъэIугъэм, мылъкушхом укъызэрэкIэмылъэIугъэм, уипыйхэм апсэ згъэгъуным укъызэрэкIэмылъэIугъэм, ау сизэфагъэ

зэхэпфынэу губзыгъагъэм укъызэрэкIэлъэIугъэм пае, мары къызэрэпIуагъэм фэдэу сшIыщт: мары акъылышIуи зэхэшIыкIи къыпхэсэлъхьэх. Ощ фэдэ джы нэс щыIагъэп, уаужкIи ощ фэдэ къэхъущтэп“. (1 Пачъыхьэхэр 3, 5-12)». Джаущтэу Тхьэм акъылышIуагъэр къырити, Сэлмэн цIыфэу мы дунаим къытехъуагъэхэм анахь Iуш хъугъэ.

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэм*» щыIэныгъэм цIыфым къыщышъхьэпэщт ушъыйхэр щызэхэугъоягъэх. Ау ахэм ащыкIэгъэтхъыгъ, «Тхьэу Зиусхьаным ищынагъо угу илъыныр – шIэныгъэм ылъапс!» (1:7) еIошъ. «*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэм*» цIыфым ыгукIэ Тхьэу Зиусхьаным цыхьэ фырагъэшIыным тырагъэгушIухьэ (22:19). Мыхэр анахь шъхьаIэу къызтегущыIэхэрэр акъылышIуагъэм икъэгъотынрэ ар щыIэныгъэм щыгъэфедэгъэнымрэ. А акъылышIуагъэр Зиусхьан закъор ары къызпкъырыкIрэр (2:1-8). Тхьэ шъыпкъэу щыIэр зэрэзым къыхэкIэу, ащ къыпкъырыкIырэ акъылышIуагъэр сыд фэдэ лъэпкъ щыщхэми, сыд фэдэ хабзэ алэжьми зэфэдэу къашъхьапэ. Ар IэпыIэгъу афэхъу зэкIэ лъыхъухэрэм, зищыIэныгъэ щызгъэфедэхэрэм.

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэм*» зэхэубытэгъэ пшъэрылъэу яIэр – цIыфэу яджэрэр шъыпкъэм тетэу псэуным, гухахъо ащ хигъотэным, Тхьэм ыпашъхьэ зэфэныгъэ щыхэлъыным фащэнхэр

ары. АкъылышIуагъэр – шIошъхъуныгъэм тетэу ущыIэныр, упсэуныр, ащ зыфэбгъэсэныр, ар къызIэкIэбгъэхьаныр. Тхьэм акъылышIуагъэр тынэу къытеты, ау тэ ащ тыгу етыгъэу тылъыхъун, ар зэдгъэшIэн, ащ зедгъэушъомбгъун, тищыIэныгъэ ар щыдгъэфедэн фае.

Мы тхылъыр джуртыбзэм техыгъэу лъэпкъ зэфэшъхьафхэм абзэхэмкIэ гъогогъуишъэрэ зэрадзэкIыгъ. Джы ар адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэу, о ащ уеджэнэу амал уиIэ хъугъэ.

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэм*» усэм инэшанэхэр ахэлъых. Ижъырэ джурт усэ гъэпсыкIэм инэшанэ шъхьаIэр параллелизм зыфаIорэр ары. Ащ усэ сатыритIур ямэхьанэкIэ щызэфэд, е щызэпыщыт. НэмыкI зэфыщытыкIэхэр усэ сатыритIум зэдыряIэн алъэкIыщт, гущыIэм пае: ушъхьагъумрэ ащ къыкIэлIыкIорэмрэ, ушъыир, унашъор, пшIэ хъущтыр – мыхъущтыр, нэмыкIхэри.

Пшъэрылъэу тиIагъэр: зэдзэкIыгъэр зытехыгъэ Iэпэрытхэу ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэм еджэхэрэми едэIухэрэми зэхашIэщтыгъэмрэ фыщытыкIэу яIэ хъущтыгъэмрэ адыгабзэкIэ еджэхэрэми едэIухэрэми зэхашIэныр, фэдэ фыщытыкIи яIэ хъуныр ары. Мы зэдзэкIыгъэм ащ фэдэ амал къытынэу тэгугъэ.

АдыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэр ижъырэ джуртыбзэкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым техыгъ. Библием

хэт гущыIэхэу бзэм къырыпIон умылъэкIыщтхэр къэозгъэшIэрэ тамыгъэхэмкIэ хэгъэунэфыкIыгъэхэу къарыкIырэр къэIотэжьыгъ. Ижъырэ джуртыцIэхэр адыгабзэм имэкъэ къэIокIэ шапхъэхэм атетэу тхыгъэх.

КъызтегущыIэрэм елъытыгъэу «*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр*» Iэхьэгъу пчъагъэу зэтеутыгъэх.

*Дэтхэр*

1. УблапIэ (1:1-7)
2. АкъылышIуагъэм иушъыйхэр (1:8–9:18)
3. Сэлмэн къыIогъэ гъэсэпэтхыдэхэр (10:1–22:16)
4. АкъылышIомэ ягущыIэ щэкI (22:17–24:22)
5. АкъылышIомэ джыри къаIогъэ гущыIэхэр (24:23-34)
6. Сэлмэн къыIогъэ нэмыкI гъэсэпэтхыдэхэу Ехъуд ипачъыхьэу Хъызкъый итхакIохэм аугъоигъэхэр (25:1–29:27)
7. Агур къыпкъырыкIыгъэ гущыIэ Iушхэр (30:1-33)
8. Лэмуел ыгу къылъыIэсыгъэ гущыIэхэр (31:1-31)

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр*» зышIогъэшIэгъоныщт тхылъеджэмэ апае темэ хэхыгъэхэр къызхэфэрэ усэхэм яспискэ зэхэдгъэуцуагъ.

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз зэдзэкIакIохэм, редакторхэм, мы IофшIагъэм

зэкIэ зиIахь хэзылъхьагъэхэм. Адыгэхэр яныдэлъфыбзэкIэ мы тхылъым еджэнхэ алъэкIынэу амал яIэ зэрэхъугъэр лъэшэу тигуапэ.

«*Ушъый гъэсэпэтхыдэхэм*» яаудио тхыгъэ сайтэу www.ibt.org.ru шъущедэIун шъулъэкIыщт.

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр, Москва*

# Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр

## АкъылышӀуагъэмрэ акъылынчъагъэмрэ
## (я 1-рэ – я 9-рэ усэхэр)

### Апэрэ усэр

***Гъэсэпэтхыдэхэм ямэхьан***

**1** [1] Израиль ипачъыхьэу Сэлмэн, Даут ыкъом
иушъый гъэсэпэтхыдэхэр*:

2 акъылышӀуагъэмрэ ушъыимрэ
къыбгурыӀонэу,

* 1:1 Ежь Сэлмэн къыӀуагъэхэмрэ нэмыкӀ лӀы Ӏушхэм къаӀуагъэхэмрэ мыщ щызэхэугъоягъэх.

гущыIэ губзыгъэм мэхьанэу хэлъыр
зэхэпшIыкIынэу,

3 акъыл зыхэлъ шапхъэхэм:
шъыпкъагъэм, зэфагъэм, хыягъэм
зябгъэсэнэу;

4 хьарамыгъэ зыхэмылъым гулъытэ иIэнэу,
ныбжьыкIэхэм – шIэныгъэрэ
губзыгъагъэрэ ахэлъхьэгъэнхэу;

5 акъылышIор ерэдэIуи, ишIэныгъэ
херэгъахъу,
зэхэшIыкI зиIэ цIыфым упчIэжьэгъу
фэрэхъу,

6 акъылышIомэ ягущыIэ губзыгъэрэ
гъэсэпэтхыдэмрэ,
чIэгъчIэлъыбзэмрэ хырыхыхьэмрэ
къыгурыIонэу.

7 Тхьэу* Зиусхьаным ищынагъо угу
илъыныр – шIэныгъэм ылъапс!

---

* 1:7 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым гущыIэу «Тхьэ» хэтэп, ау мэхьанэмкIэ ащ епхыгъ.

Акъылыш Iуагъэмрэ ушъыимрэ нэмыплъ
язытрэр – акъылынчъ.

### *ХъункIэным ущызыухъумэрэ гущыIэхэр*

8 ЕдэIу, сикIал, уятэ иушъый,
уянэ узщигъэгъуазэрэр щымгъэзый;

9 ахэр къэгъэгъэ зэхэблэ кIэракIэу пшъхьэ
телъыщтых,
щыгъыжъые благъэу упшъэ илъыщтых.

10 СикIал, псэкIод зышIэхэрэм
утрагъэгушIухьэмэ,
зыдямыгъэхьых.

11 Ахэм къыуаIомэ: «НекIо, къыддакIу,
ятIасхъэ тешэни, татеони, лажьэ
зимыIэхэм алъ хые дгъэчъэщт!

12 Хьадрыхэ лъахъэ фэдэу ахэмэ апсэ
хэтхыщт,
бэн шIункIым фэдэу тэ
зыIэкIэтлъхьащтых.

13 Мылъку лъэпIэ дэдэ боу къэтхъункIэн,
къонтхъым тиунэхэр рытыушъэных;

14 утигъусэу пхъэдз ибдзэщт,
къэтхьырэм зэфэдэу уиIахь хэлъыщт!»

15 СикIал, ахэм гъогу уадытемыхь,
ялъагъо утемыуцу,

16 сыда пIомэ алъакъохэр ем фэчъэх,
лъыр зэрагъэчъэным дэгузажъох.

17 Бзыум ылъэгъоу
хъытыу фэбгъэуцуныр хьаулый;

18 ау а бзэджашIэхэр зэпэтIысыжьхэзэ алъ
ежьхэм агъэчъэжьыщт,
зэшэжьхэзэ ежь-ежьрэу
загъэкIодыжьыщт.

19 ХъункIэным кIэхъопсырэмэ зэкIэмэ
ягъогу зэфэдэ:
ахэм апсэхэр ежь-ежьрэу агъэгъужьы.

### *АкъылышIуагъэм унаIэ теозыгъадзэрэр*

20 АкъылышIогъэ гуащэр* урамым
къыщэджэ,

* 1:20 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым акъылышIуагъэр бзылъфыгъэ пэлъытэу ары къызэрэщиIорэр.

къэлэ утыгум ымакъэ къыщеIэты;

21 анахь чIыпIэ жъот-бырсырым къыщэджэ,
къэлэ дэхьапIэм дэжь гущыIэ къыщеIо:

22 «Сыд фэдизрэ, шъо мыдаIохэм,
мышIэныгъэр жъугъэлъэпIэщта?
Сыд фэдизрэ, шъо кIэнэкIалэхэм,
кIэнэкIэныр шъуишэныщта,
акъылынчъэм шIэныгъэр ылъэгъу
мыхъущта?

23 Сигые шъукъедэIу,
сыгу илъыр мары къышъосIон,
сигущыIэ шъущызгъэгъозэн.

24 Сэ сыкъэджагъ, шъо шъукъысэдэIунэу
шъуфэягъэп,
сIэ къышъуфэсщэигъ, ау зи гугъу
къысфелIыгъэп.

25 Джэнджэшэгъу сызэрэшъуфэхъугъэхэр
пхъэтэпэмыхь шъушIыгъэх,
сызэрэшъогыигъэр къабылэу
шъуштагъэп.

26 Ащыгъум, сэри шъуитхьамыкIагъэ
сыдэхьащхын,

щынэгъошхо къышъуфыкъокIмэ
сышъукIэнэкIэн!

27 Щынэгъошхор фыртынаеу
къышъуфакIомэ,
тхьамыкIагъор жьыбгъэ оешхоу
къышъушъхьэщыомэ;
гухэкIымрэ нэшхъэимрэ
къышъулъыIэсмэ,

28 джащыгъум шъукъызысаджэкIэ – джэуап
шъостынэп,
бэрэ шъукъыслъыхъущт, ау
сыжъугъотынэп.

29 ШIэныгъэр шъуфэлъэгъугъэпышъ,
Зиусхьаным ищынагъо шъугу илъынэу
шъуфэягъэпышъ,

30 джэнджэшэгъу сызэрэшъуфэхъугъэр
зыгурыжъугъэIуагъэпышъ,
сызэрэшъогыигъэр пхъэтэпэмыхь
шъушIыгъэшъ,
зыхэжъугъэхьагъэпышъ,

31 лэжьыгъэ хьарам, шъо къэжъулэжьыгъэу,
шъушхыщт,

джащ нахь шъухэмыфэжьынэу
шъуигухэлъ дэйхэмкIэ
зыжъугъэшхэкIыщт.

32 МыдаIохэр зэрэмыдаIохэрэм
еунэхъулIэщтых,
акъылынчъэхэр бэлэрэгъым
екIодылIэщтых;

33 ау къысэдэIурэр рэхьатэу псэущт,
сыд фэдэрэ тхьамыкIагъуи щымыщынэу
щыIэщт».

## ЯтIонэрэ усэр

### *АкъылышIуагъэм ифед*

**2** 1 СикIал, сигущыIэхэр зыгурыбгъаIохэмэ,
сиосыетхэр угу иуубытэхэмэ,

2 акъылышIуагъэр птхьакIумэ ибгъахьэмэ,
угу зэхэшIыкIныгъэм фызэIупхымэ;

3 гущыIэ губзыгъэм имэхьан
къыбгурыIоным уфаблэмэ,
зэхэшIыкIныгъэм мэкъэ IэтыгъэкIэ
укъеджэмэ,

4 бгъэлъапIэу, тыжьыным фэдэу, улъыхъумэ,
мылъку нэгъуаджэм фэдэу къэбгъотымэ,

5 джащыгъум Зиусхьаным ищынагъо
къыбгурыIощт,
Тхьэм ишIэныгъи къыппкъырыхьащт.

6 Сыда пIомэ акъылышIуагъэр зыгощырэр
Зиусхьаныр ары,
шIэныгъэмрэ зэхэшIыкIныгъэмрэ Ащ
ижэдэкIых;

7 зэфагъэ зыхэлъхэм иIэпыIэгъу
къафегъэхьазыры,
зыгу къабзэхэм чэтэпэIудзэ зафешIы.

8 Зэфагъэм илъагъо Ащ къегъэгъунэ,
Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм ягъогу
фэсакъы.

9 Джащыгъум о къыбгурыIощт
шъыпкъагъэр, зэфагъэр,
хыягъэр – зекIокIэ тэрэзхэм яшIугъэ,

10 сыда пIомэ акъылышIуагъэр угу къихьащт,
шIэныгъэр упсэ шIоIэшIущт.

11 Губзыгъагъэм о ущиухъумэщт,
акъылым о укъигъэгъунэщт,

12 ем игъогу ущиухъумэщт,
цIыфэу пцIы зыусрэм,

13 зэфэныгъэм илъагъо дэххэу,
шIункIым игъогу къыхэзыххэрэм,

14 дэеу ашIэрэм кIэгушIужьхэрэм,
емыкIу зекIуакIэм ыгъэтхъэжьхэрэм

15 лъэгъо IонтIэ-щантIэхэм,
пцIым игъогу тетхэм.

16 Зыгорэм ишъуз* акъылышIуагъэм
ущиухъумэщт,
бзылъфыгъэ хымэу гущыIэ дахэкIэ
узгъэшэхъурэм,

* 2:16 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: хымэ бзылъфыгъ. Ащ мэхьанищ иIэн ылъэкIыщт: 1. нэмыкI цIыф лъэпкъ щыщ бзылъфыгъ, 2. нэмыкIым ишъхьэгъусэр, 3. бзылъфыгъэ хэтакIу.

17 ныбжьыкIэзэ ишъхьэгъусагъэр
чIэзыдзыжьрэм,
Тхьэм ыпашъхьэ щишIыгъэ
зэзэгъыныгъэр
зыщызгъэгъупшэжьрэм.

18 Ащ иунэ – хьадэгъу лъэдан,
илъагъо хьадрыхэ гъогум екIу.

19 Ащ дэжь кIорэм къэгъэзэжь иIэп,
шIэныгъэм игъогу къытехьажьыщтэп.

20 Арышъ, цIыф дэгъухэм ягъогу рыкIу,
шъыпкъагъэ зиIэхэм ялъагъо утемыкI.

21 Сыда пIомэ зэфагъэ зыхэлъыр фыхэхыгъэ
чIыгум щыпсэущт,
цIыфэу зыгу къабзэхэр ащ
къытенэщтых;

22 ау цIыф бзаджэхэр мы
чIыналъэм лъэпсэкIодэу
тыригъэкIодыкIыщтых,
нэпцIхэм алъапсэ чIыгоу
зыщыпсэухэрэм хигъэкIодыкIыщт.

## Ящэнэрэ усэр

***АкъылышIуагъэм инэмыкIрэ шIуагъэхэр***

**3** 1 СикIал, узщызгъэгъуазэрэр
зыщымыгъэгъупш,
сиосыетхэр угу ренэу игъэлъых:

2 джащыгъум ахэм уигъашIэ
кIыхьэ ашIыщт,
щыIэкIэшIурэ мамыррэ къыуатыщт.

3 ШIулъэгъу мыкIодыжьымрэ
фэшъыпкъэныгъэмрэ
укъарэмыбгын;
бгъэрышIэу ахэр убгъэ телъхьэх,
мыжъобгъу пытэм тетхэгъэ гущыIэхэу
гучIэм илъхьэх.

4 Джащыгъум Тхьэмрэ цIыфхэмрэ анэшIу
къыпщафэщт,
агу къэпщэфыщт, дэгъоу уагурыIощт.

5 УгукIэ Зиусхьаным цыхьэ фэшI,
уизэхэшIыкIныгъэ IэубытыпIэ умышI.

6 Сыд Iоф пшIэми Ащ ищынагъо
угу игъэлъи
гъогу занкIэр Ащ къыуигъэлъэгъущт.

7 АкъылышIоу зымылъытэжь,
Зиусхьаным ищынагъо угу игъэлъ,
бзаджэм зыщыдзый.

8 Джащыгъум уипкъышъолкIэ псэуныгъэ
уиIэщт,
уикъупшъхьэхэм къарыукIэ
къахилъхьащт.

9 Зиусхьаным уимылъкукIэ
лъытэныгъэ фэшI –
зэкIэ лэжьыгъэу къэпхьыжьырэм
иапэрэ IахьэкIэ;

10 джащыгъум арымыфэжьэу уиконхэр
ушъэгъэщтых,
сэнэ ныбжьыкIэр сэнэкIэфыпIэм
зэпымыоу къичъыщт.

11 СикIал, Зиусхьаным иушъый
щымыгъэзый,
Ащ игые нэмыплъ емыт;

12 Зиусхьаным шIу ылъэгъурэр еушэтба,
тыр зэрыгушхорэ къом пшъэдэкIыжь
зэрэригъэхьырэм фэдэу*!

### *АкъылышIуагъэр – гупсэфныгъ*

13 Сыхьатмафэ ежьагъ акъылышIуагъэ
зыгъотыгъэр,
зэхэшIыкIыныгъэ къызIэкIэзгъэхьагъэр,

14 сыда пIомэ акъылышIуагъэр тыжьыным
нахьи нахь фед,
дышъэм нахьи нахь шIогъэшхо къехьы.

15 Налмэс-налкъутэм акъылышIуагъэр
нахь лъапI;
узыкIэхъопсрэ тхъагъоу щыIэмэ ащыщ
зыпари ебгъэпшэн плъэкIыщтэп.

16 ГъэшIэ кIыхьэр ащ Iэ джабгъукIэ,
Iэ сэмэгукIэ байныгъэмрэ щытхъумрэ
къыуетых.

* 3:12 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Зиусхьаным тэу къор шIу зылъэгъурэм фэдэу еушэтба».

17 АкъылышIуагъэм игъогухэр гъогушIух,
зэкIэ илъагъохэр гупсэфых.

18 ЩыIэныгъэр къэзытырэ чъыг ар
къызIэкIэзгъахьэрэмкIэ;
сыхьатмафэ ежьагъ
зыIэкIэзымыгъэкIрэр.

19 АкъылышIуагъэкIэ Зиусхьаным чIыгур
къыгъэшIыгъ,
зэхэшIыкIныгъэкIэ ошъогур ыIэтыгъ;

20 Ащ ишIэныгъэкIэ архъонэ-хъоушхом
ыIухэр къызэIукIыгъэх,
ошъуапщэхэм осэпсыцэхэр къахэзыгъэх.

21 СикIал, акъыл зыхэлъ гупшысэмрэ
губзыгъагъэмрэ къэгъэгъунэх,
ахэр нэрыз умышIых;

22 ахэм о уигъашIэ къагъэкIыхьащт,
пшъэрылъынэм фэдэу укъагъэдэхэщт.

23 Джащыгъум о улъэпэощтэп,
уигъогу умыщынэу урыкIощт;

24 угъолъмэ – ущынэщтэп,
ухэчъыемэ – уичъые IэшIущт.

25 ЦIыф бзаджэхэм пфагъэхьазыррэ
кIодыпIэм,
ошIэ-дэмышIэ щынэгъошхом
ущымыщын;

26 сыда пIомэ Зиусхьаныр о уигъус,
плъакъохэр лъахъэм щиухъумэщтых.

### ***Хэбзэ-зэхэтыкIэ дэгъухэр***

27 ЗищыкIагъэр шIугъэм щымыгъакI,
ащ фэдэ амал уиIэмэ.

28 Къыпщыгугъырэм емыIу: «КIожь, етIанэ
къакIо, неущ къыостыщт», –
къызфыолъэIурэр уиIэмэ.

29 Къыппэблагъэм гухэлъ дэй фимыхъухь,
зыми щымыщынэу, цыхьэ къыпфишIэу,
къыбдэпсэурэм.

30 Ушъхьагъу щымыIэу зыми ущымыхь,
бзэджэшIагъэ къыбдызэримыхьагъэмэ.

31 ЦIыф жъалымым уемыхъуапс,
ащ щысэ темых,

32 сыда пIомэ цIыф пцIыусыр Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
зэфагъэ зыхэлъыр Ащ ицыхьэшIэгъу.

33 ЦIыф бзаджэм иунагъо Зиусхьаным
ибгыбзэ телъ,
ау шъыпкъагъэ зиIэхэм япсэупIэхэм Ащ
ынэшIу ащыфагъ.

34 КIэнэкIалэхэм Ар адэхьащхы,
IорышIэхэм нэшIукIэ яплъы.

35 АкъылышIохэм щытхъу къалэжьы,
ау акъылынчъэхэр хьайнапэ мэхъужьых.

## ЯплIэнэрэ усэр

***АкъылышIуагъэр зэкIэмэ апшъ***

# 4

1 ШъукъэдаIу, сикIалэхэр,
шъуятэ иушъый гущыIэ
шъунаIэ тешъудз, зэхэшIыкIныгъэ
жъугъотыным пае.

2 Сэ шIэныгъэ дэгъу шъосэтба,
шъудэмых шъузщызгъэгъуазэрэм.

3 Сятэ сыришъаоу иунэ сызесым,
сагъашIоу, сянэ сырикIэлэ закъоу,

4 сятэ сигъасэзэ мары къысиIощтыгъэр:
«Угу иубыт сигущыIэхэр,
сиосыетхэр ухъумэхи – гъэшIэ
кIыхьэ ухъущт.

5 акъылышIуагъэ къызIэкIэгъахь,
зэхэшIыкIныгъэ зэгъэгъот,
зыщымыгъэгъупш сигущыIэхэр,
ахэр чIэмынэх.

6 Умыбгыни акъылышIуагъэр,
ащ укъигъэгъунэщт,
шIу лъэгъуи, ащ укъиухъумэщт.

7 АкъылышIуагъэр ублапIэ:
акъылышIуагъэр зэгъэгъот.
Ары пакIопышъ, зэкIэ уиамал
хэплъхьащтми, зэхэшIыкIныгъэ
зэгъэгъот.

8 АкъылышIуагъэм осэ ин фэшIи,
ащ лъагэу уиIэтыщт,
зыIэкIэуубытэмэ, лъытэныгъэ ащ
къыпфихьыщт.

9 Ащ къэгъэгъэ зэхэблэ кIэракIэ пшъхьэ
къытырилъхьащт,
зынахь дахэ щымыIэ щытхъу танджэу
пшъхьэ телъыщт».

### *АкъылышIуагъэр гъогумэ анахь щынэгъончъ*

10 КъэдаIу, сикIал, сигущыIэ зыхэгъахьи,
уигъашIэ кIыхьэ хъущт.

11 АкъылышIуагъэм игъогу осэгъашIэ,
зэфагъэм илъагъо урысэщэ.

12 УкIомэ, зыми плъакъо къылъэхъэщтэп,

учъэмэ – улъэпэощтэп.

13 Ушъыир зыхэгъахь, ар умыбгын;
къэухъум, сыда пIомэ ар о
уищыIэныгъэ ылъапс.

14 ЦIыф бзаджэхэм ялъагъо утемыхь,
бзэджашIэхэм ягъогу урымыкIу.

15 Ащ зыщыдзый, урымыкIу;
языбгъу зыгъази, ащ ебгъукIу.

16 Ер амышIэмэ, ахэр чъыещтхэп ныIа,
зыгорэ амыгъэлъэпаомэ, чъыер
ашIокIодыщтба!

17 Гъомылэр бзэджагъэкIэ ахэм
къызIэкIагъахьэ,
санэу зашъохэрэри шIэпхъэджагъэкIэ
зэрагъэгъоты.

18 Ау шъыпкъагъэ зиIэхэм ялъагъо нэфылъэм
инэбзый фэд,
ащ инэф хахъомэ хахъозэ, мэфэ
нэфынэу зыкъызэIуехы.

19 ЦIыф бзаджэхэм ягъогу мэзэхэ шIункI;
зэлъэпаохэрэр ахэм алъэгъурэп.

### *АкъылышIуагъэр щыIэныгъэм иIэпыIэгъушIу*

20 СикIал, сигущыIэ унаIэ тегъэт,
къасIохэрэр птхьакIумэ игъахь.

21 Пшъхьэ сигущыIэхэр имыгъэкIых,
ахэр угу иубытэх;

22 зэзгъэгъотыгъэхэмкIэ ахэр щыIэныгъэба,
зэрэщытэу пкъышъолымкIэ
псэуныгъэба.

23 ЗэкIэмэ апэ уигупшысэмэ афэсакъ,
сыда пIомэ ахэм уищыIэныгъэ
къагъэпсы.

24 ТIого-бзэгуагъэр щыгъэзый,
гущыIэ нэпцIыр Iугъэзык I.

25 Унэхэр тэрэзэу гъаплъэх,
уинэплъэгъу зэIухыгъэу уапэкIэ дзы.

26 Плъакъо зытебгъэуцощтыр
сакъэу къыхэхи,
уигъогухэр щынэгъончъэщтых.

27 БгъуитIу язи удэмых,
плъакъо ем пэчыжьэу гъэуцу.

## Ятфэнэрэ усэр

### *Зэшъхьагъусэхэр зэфэмышъыпкъэнхэм щызыухъумэрэр*

**5** 1 СикIал, уасIорэ акъылышIуагъэм
унаIэ тедз,
сизэхэшIыкIныгъэ птхьакIумэ игъахь,

2 губзыгъагъэр къэуухъумэным пае,
уижабзэ ренэу шIэныгъэ хэлъыным пае.

3 Бзылъфыгъэ хэтакIор шъоубзэгу,
ащ къыIорэр тхъу цIынэу ыжэ къыдэкIы,

4 ау узфищэрэр хъунэгъэлIэ уцым фэдэу
кIэух дыдж,
чэтэ бгъуитIуцэм фэдэу уеуIэ.

5 Ащ ылъакъохэр хьадрыхэ фэкIох,
илъэбэкъухэм хьадэгъум илъагъо уфащэ.

6 ЩыIэныгъэ гъогум ар егупшысэрэп*,
илъагъохэр зэхэкIухьэх,
ау ар ежь ышIэрэп.

7 Арышъ, сикIал, къысэдэIу,
сигущыIэхэм уатемыкI.

8 Ащ фэдэ бзылъфыгъэм пэчыжьэ зышI,
ащ иунапчъэ благъэу уемыкIуалI,

9 армырмэ, уимылъкурэ уинамысрэ
нэмыкIхэм атебгъэкIодэщт**,
уигъэшIэ илъэсхэр гукIэгъунчъэм***
екIодылIэщтых,

10 армырмэ, уимылъку хымэхэр
хэшхыкIыщтых,
уилэжьыгъэ нэмыкIмэ яунэ ыушъэщт.

11 Упкъырэ упкъышъолрэ къарыунчъэ
зыхъухэкIэ,

---

* 5:6 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.
** 5:9 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «бзылъфыгъэ хэтакIом уикIуачIэ тебгъэкIодэщт».
*** 5:9 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «бзылъфыгъэм ишъхьэгъусэ зыгубжкIэ уиукIыщт».

уищыIэныгъэ икIэухым ущэIущт.

12 О пIощт: «Сыд пае адэ ушъыим
нэмыплъ естыгъа?
Сыд пае адэ гыер зэсымыпэсыгъа?

13 Сэ ушъыякIохэм сядэIугъэп,
гъэсакIохэм къаIорэм сынаIэ
атесыдзагъэп.

14 Сэ гъунэм сынэсыгъ,
цIыф зэхахьэм емыкIу
сыщыхъу пэтыгъ!»

### *Уишъуз фэшъыпкъ*

15 О уипсыIыгъыпIэ къыхэхыгъэ псым ешъу,
уипсынэ къыпхрэ псым*.

16 УипсынэкIэчъхэр щагухэм,
утыгухэм псыорэу арымыгъачъэх**.

---

* 5:15 Мы чIыпIэм имэхьанэр: «уишъхьэгъусэ фэшъыпкъ, уипсынэ къыпхрэ псым узэрешъорэм фэдэу».

** 5:16 Мы чIыпIэм мэхьанитIу иIэн ылъэкIыщт: «хымэ бзылъфыгъэм сабый дэмыгъот, ар о уиеп, уиунагъо исыщтэп», е «хъулъфыгъэ хъопсащэр бзылъфыгъэ пчъагъэмэ атемыгуащ».

17 Ашъхьас ощ пае ахэм,
хымэхэм уадэрэмыгуащ.

18 УипсынэкIэчъ Тхьэм ынэшIу къыщерэф,
уиныбжьыкIэгъум шъузэу
къыпфэхъугъэм гухахъо хэгъуат.

19 Блэнэ ищыгъэу, зэкIужьэу зэхэлъ мэз пчэн
дэхэ дэдэу:
ыбгъэхэм гопагъэ ренэу ахэгъуат,
ащ ишIулъэгъу ренэу уерэгъэуташъу.

20 Сыд пае, сикIал, хымэ бзылъфыгъэм
зебгъэгъэутэшъон,
ащ ыбгъэхэм зыдябгъэхьыхын?

21 ЦIыфым игъогухэр зэкIэри Зиусхьаным
фызэIухыгъэхэба,
илъэгъо пстэури Ащ еушэтба.

22 Ихэбзэнчъэ зекIуакIэ цIыф бзаджэм
дэкъацэм деубытэ;
ипсэкIодышIагъэхэм ялъахъэ ар
пытэу аIыгъ.

23 Иакъылынчъэгъэ мыухыжь егъэгъуащэ,
ушъый IэкIэмыхьэу ар малIэ.

## Яхэнэрэ усэр

### *ЧIыфаштэм шэс уфэхъуным, шъхьахынагъэм, пцIыусыным уащызыухъумэрэр*

# 6

1 СикIал, зыгорэм шэс уфэхъугъэмэ,
хымэ чIыфэхэм ятыжьынкIэ
бгъэгугъагъэмэ,

2 гущыIэу птыгъэм укъиубытыгъэмэ,
гущыIэу пIуагъэм укъилъэхъагъэмэ,

3 джащыгъум, сикIал, мырэущтэу зекIо:
зыухъумэжь,
сыда пIомэ нэмыкI цIыфым уIэкIэфагъ.
КIо ащ дэжь, шъырытныгъэ къызхэгъаф,
ыуж уимыкIэу, зэпымыоу елъэIу,
шъхьафит уишIынэу!

4 Чъыем зыремыгъэкI
унапIэхэр къемыгъэфэхых,

5 зыкъэухъумэжь, шакIом IэкIэкIыжьрэ
къушъхьэ пчэнэу,

къешэрэм ихъытыу икIыжьрэ бзыоу.

6 Къамзэгум кIырыплъ, мыпсэу-мылажь:
акъыл хэпхынэу ар зэрэпсэурэм, Iоф
зэришIэрэм еплъ!

7 Iэшъхьэтети иIэп ащ,
шъхьэщыплъакIуи, тетыгъо зиIэ пщи,

8 гъомлапхъэр гъэмафэм ешыпы,
ышхыщтыр лэжьыгъэ
Iухыжьыгъом еугъои.

9 Сыдигъо нэс ущылъыщта,
мыпсэу-мылажь?
Сыдигъо уичъые ибгъэкъуни,
укъэущыжьыщта?

10 ТIэкIу ушъхьаукъэн, тIэкIу учъыен,
пIэ зэтелъэу тIэкIурэ ущысын,

11 джащыгъум хъункIакIоу тхьамыкIагъор
уадэжь къэкIощт,
фэныкъуагъэр техакIоу къыптеощт.

12 ЦIыф мыхъатэм, цIыф бзаджэм
ыIупэ гущыIэ нэпцIхэр телъэу
къекIокIы,

13 къэрарынчъэ тамыгъэхэр къешIых,
накIэ къыпфешIы,
ылъакъохэр къегъашъох,
IапэкIэ къегъэлъагъо;

14 ыгу зэокIылэ пцIыр илъ,
ащ ер рехъухьэ,
ренэу цIыфхэр зэщегъахьэх.

15 Ащ къыхэкIэу зэмыжэгъэ тхьамыкIагъор
къыфыкъокIыщт,
ошIэ-дэмышIэу зэхигъэтэкъощт,
Iэзэгъу ымыгъотэу кIодыщт.

16 Iофыгъуих Зиусхьаным ылъэгъу мыхъурэр:

17 Пэгэ нэпшIэеокIыр,
бзэгупэ пцIы къехьакIыр,
лэжьэнчъэ лъыгъачъэр,

18 гухэлъ дэй ихъухьэр,
бзэджэгъэ фачъэр,

19 шыхьатнэпцIыр;

анахьэу яблэнэрэу Ащ шIогоIуджэр:
зэш-зэшыпхъухэр зэфэгъэблынхэр.

### *ЗинэшIэныр бжьыгъэу къэнэ*

20 СикIал, уятэ иосыетхэр гъэлъапIэх,
уянэ узщигъэгъуазэрэр щымыгъэзый.

21 Ахэр егъашIэм угу игъэлъых;
бгъэрышIэу убгъэ тегъэлъых.

22 УкIомэ, ахэмэ уагъэгъозэщт,
учъыенэу угъолъыжьмэ, укъаухъумэщт;
укъэущыжьмэ, ахэр упчIэжьэгъу
къыпфэхъущтых*.

23 А осыетхэр – остыгъэба,
узщагъэгъуазэрэр – нэфыпсыба,
ушъый зафэм щыIэныгъэм игъогу
къыуегъэлъэгъуба.

24 А осыетхэм бзылъфыгъэ бзаджэм
ущаухъумэ,
хымэ шъузым ыбзэгоу узыумэхъырэм.

* 6:22 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым зы пчъагъэр щыгъэфедагъ.

25 УгукIэ ащ идэхагъэ укIэмыхъопс,
ынэхэм янэплъэгъу зыдемыгъэхьых,

26 бзылъфыгъэ хэтакIор хьалыгъу такъыри
ымыуас,
нэмыкIылIым ишъуз зэшакIорэр о
уищыIэныгъэба.

27 МашIор гужъуакIэм дэплъхьан плъэкIына
уиджэнабгъэ химыстыкIэу?

28 МэшIотэпым урыкIон плъэкIына
плъакъохэр къымыстэу?

29 Къыпэблагъэм ишъуз зезыщэрэм
къехъулIэрэр джащ фэдэба:
ащ енэсрэр зэкIэ мэпщынэ.

30 ТыгъуакIоу, гъаблэм зэригъалIэрэм
пае тыгъоу,
псэр къыгъэнэжьынэу Iабэрэм
емыкIушхо фалъэгъурэп,

31 ау къаубытмэ, осибл рагъэтыщт,
зэкIэ мылъкоу иIэр Iахыщт.

32 Зыгорэм ишъуз зинэ дэзышIрэр
акъылынчъ;
аущтэу зекIорэм ежь-ежьырэу
зегъэкIодыжьы.

33 Ащ еощтых, емыкIу рахыщт,
егъэшIэрэ хьайнапэ къыхьыщт.

34 ГуцэфэшIыным лIым губж лъэш
регъэшIышъ,
лъышIэжь мафэм ащ гукIэгъу
къыхэфэщтэп.

35 Сыд фэдэ лъыуаси ыгъэIэсэщтэп,
сыд фэдиз шIухьафтыни пIихыщтэп.

## Яблэнэрэ усэр

### *Бзылъфыгъэ хэтакIом узэриумэхъырэр*

**7**

1 СикIал, сигущыIэхэр пшъхьэ игъэлъых,
сиосыетхэр угу иубытэх.

2 Сиосыетхэр гъэцакIэхи,
гъэшIэ кIыхьэ ухъущт,
узщызгъэгъуазэхэрэр нэкум
фэдэу ухъумэх;

3 ахэр зыIэкIэубытэх,
мыжъобгъум тетхэгъэ гущыIэхэу угу
игъэлъых.

4 АкъылышIуагъэм: «О усшыпхъу», – еIу,
зэхэшIыкIныгъэм Iахьыл-благъэкIэ
пэгъокI;

5 ахэмэ хымэ шъузым ущаухъумэщт,
зыгорэм ишъуз ишъоубзэгу.

6 Зэгорэм сиунэ шъхьангъупчъэ сиплъэу,
шъхьангъупчъэ пхъэ хъагъэм
сыпхырыплъызэ,

7 хьэрамыгъэ зыхэмылъхэм азыфагу итэу,
ныбжьыкIэхэм ахэтэу кIэлэ акъылынчъэ
слъэгъугъэ,

8 урам къуапэу бзылъфыгъэ горэ
зыщыпсэурэм дэжь ар
зэпырыкIыщтыгъэ,

ащ иунэ блэкIыщтыгъэ,

9 пчыхьэшъхьапэу чэпэзэхэогъум,
шIункI къызщыхъоу нэм къыкIэIабарэр
зыщымылъэгъурэм.

10 Мары, бзылъфыгъэр ащ къыпэгъокIы,
къахьпэ щыгъын щыгъэу, гухэлъ
гъэнэфагъэ иIэу.

11 Къаигъэ ар, бырсыр,
ылъакъохэр унэм изагъэхэрэп;

12 зэ урамым, зэ къэлэ утыгум,
къогъу пэпчъ лъэхъур щедзы.

13 Ащ кIалэр къеубыты, ебэу,
ынэхэр мыущакоу реIо:

14 «Мамыр къурмэнылыр* хьазыр:
сэ ситхьэлъанэ непэ згъэцэкIэжьыгъ.

15 Джащ фэшI сэ унэм сыкъикIи
сыкъыппэгъокIыгъ,
сыплъыхъугъ сэ, джы укъэзгъотыгъ!

* 7:14 Еплъ Мосэ иящэнэрэ тхылъ 7:11-17.

16 СипIэкIор техъохэр теслъхьагъэх,
Мысырым къыращыгъэ шэкI къолэнхэр;

17 мэIэшIу къызпихрэ уцхэу мирнэр
алоэр, корицэр сигъолъыпIэ пызгъэугъ.

18 НекIо, пчэдыжьыр къэсыфэ шIулъэгъукIэ
зыдгъэтхъэжьыщт,
IаплIкъорэгъэу тызэрэгъэшIощт.

19 СилI унэм исэп –
ар гъогу чыжьэ техьагъ;

20 тыжьын зыдэлъ ахъщалъэр ащ зыдиштагъ,
мэзакIэм, мазэм из зыщыхъурэ мафэм,
къэкIожьыщт».

21 ГъэшIуабзэхэр риIозэ дегъэхы,
гущыIэ дахэкIэ еумэхъы.

22 А дэдэм кIалэр ащ ыуж ехьэ,
цоу укIыпIэм ращалIэрэм,
шъыхьэу тIэсхъапIэм ифагъэм фэдэу*,

23 аджалыщэр зытефагъэм;

* 7:22 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «Делэр ипшъэдэкIыжь зэрэфакIорэм фэдэу».

бзыоу, хъытыум ибыбэрэм фэдэу,
ымышIэу, ащ ыпсэ зэрэщитыщтыр.

24 Арышъ, сикIалэхэр, шъукъысэдэIу;
шъугу ишъуубытэх сигущыIэхэр.

25 Бзылъфыгъэ хэтакIом илъагъо
шъутемыхь,
ащ игъогупэхэм къащышъумыкIухь;

26 ащ фэдэ бзылъфыгъэм бэ
ыгъэлъэпэуагъэр,
макIэп ащ екIодылIагъэр.

27 Ащ иунэ – хьадрыхэ екIурэ гъогу,
аджалым узщыIукIэрэ ун.

## Яенэрэ усэр

### *АкъылышIуагъэм иджэмакъ*

**8** [1] АкъылышIуагъэр арба къаджэрэр?

ЗэхэшIыкIныгъэр арба зымакъэ
къэзыIэтрэр?

2 ХэIэтыкIыгъэ чIыпIэхэм,
гъогу зэхэкIыпIэхэм адэжь ар къэуцу;

3 къэлэ дэхьапIэхэм адэжь,
къэлэпчъэIухэм ар къащэкуо:

4 «О цIыфхэр, сэ шъо сыкъышъоджэ,
сымакъэ цIыф лъэпкъым фэсэгъазэ.

5 Хьэрамыгъэ зыхэмылъхэр,
зежъугъас гулъытэм,
акъылынчъэхэм зэхэшIыкIныгъэр
шъугу ишъуубыт.

6 ШъукъэдаIу, сыда пIомэ анахь лъапIэм
сыкъытегущыIэщт,
сIупэхэм къадэкIрэр шъыпкъэ.

7 Сыбзэгупэ къыпыкIыщтыр шъыпкъэ,
сIупэхэм гущыIэ нэпцIыр ягущыкIыгъу.

8 ЗэкIэ гущыIэу къасIохэрэр шъыпкъэх,
ахэлъэп ахэм къонщагъэрэ пцIырэ.

9 Ахэр зэкIэ зэхэшIыкIныгъэ зыхэлъхэмкIэ
гурыIогъошIух,
шIэныгъэ зэзгъэгъотыгъэхэмкIэ зафэх.

10 Тыжьыным ыпэ сиушъый,
дышъэ къабзэм нахьи шIэныгъэр
къашъуштэх,

11 сыда пIомэ, акъылышIуагъэр налмэс-
налкъутэм нахь лъапI,
узкIэхъопсэу узыфаемэ ащыщэу, ащ
зыпари ебгъэпшэн плъэкIыщтэп.

12 Сэ, акъылышIуагъэр, гулъытэм сыдэпсэу,
шIэныгъэрэ губзыгъагъэрэ
зэсэгъэгъотых.

13 Зиусхьаным ищынагъо угу илъыныр – ер
плъэгъу мыхъуныр ары.
Пэгагъэр, зышIошIыжьыныр, ем игъогу,
пцIы зыусрэ Iупэхэр сэ слъэгъухэ
хъурэп.

14 УпчIэжьэгъумрэ акъыл зыхэлъ
гупшысэмрэ сэ къыспкъырэкIых;
зэхэшIыкIныгъэрэ кIуачIэрэ сиIэх.

15 Пачъыхьэхэр сэгъэпачъыхьэх;

тетыгъо зиIэхэм шъыпкъагъэкIэ
хьыкум ашIы.

16 Пщыхэр сэгъэпщых,
цIыф лъэрыхьэ пстэоу шъыпкъагъэм
тетэу зекIохэрэр.

17 ШIу сызылъэгъухэрэр сэри шIу сэлъэгъух;
къыслъыхъухэрэм сэ сыкъагъотыщт.

18 Сэ, акъылышIуагъэм, щытхъурэ
байныгъэрэ сиIэх,
мыкIодыжьын мылъкурэ гъэхъагъэрэ*.

19 Силэжьыгъэ дышъэм, анахь дышъэ
къабзэм нахь дэгъу,
къыспыкIрэр тыжьын хэшыпыкIыгъэм
нахь лъапI.

20 Шъыпкъагъэм игъогу сырэкIо,
зэфагъэм илъагъохэм,

21 шIу сызлъэгъухэрэм IахькIэ сятэзэ,
ахэм яхьамбархэр мылъку лъапIэкIэ
сэушъэх».

* 8:18 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «шъыпкъагъ».

### *АкъылышIуагъэм икъэхъукI*

22 «Сэ зэкIэмэ апэ Зиусхьаным
сыкъыгъэшIыгъ,
пэсэрэ IэшIагъэу Ащ иIэхэм апэ;

23 зэкIэмэ апэ дэдэ сэ, акъылышIуагъэм*,
сыкъыгъэхъугъ,
ублапIэм, дунаир ыгъэпсыным ыпэ.

24 Хышхохэр къэмыхъухэзэ сэ сыкъэхъугъ,
псынэкIэчъхэу псыр къызчIэчъхэрэр
щымыIэхэзэ.

25 Къушъхьэхэр ыгъэуцуным ыпэкIэ,
Iуашъхьэхэм апэ сэ сыкъэхъугъ,

26 чIыгухэу, губгъохэу,
дунаим тет сэпацэхэу Ащ
къыгъэшIыгъэхэм апэ.

27 Ошъогухэр Ащ къызеIэтхэм сэ
сыщыIэгъэхагъ,
чIыгумрэ огумрэ ягъунапкъэ хышхом
зытыретхэм,

* 8:23 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым «сэ, акъылышIуагъэм» хэтэп.

28 ышъхьагъ ошъуапщэхэр зытырегъэуцохэм,
чIычIэгъ псынэкIэчъ куухэр
зегъэпсхэм*,

29 хым игъунапкъэ Ащ зегъэнафэм,
псыхэр къыблэмыкIынхэу
зафегъэпытэм,
чIыгум ылъачIэ зырехъухьэм.

30 Сыригъусагъ Ащ, сыIэпэIасэу,
мафэ къэс къысщыгушIукIэу,
ренэу Ащ ыпашъхьэ сыщычэфэу,

31 сыщычэфэу Ащ ичIыгу хъурае,
сагъэгушIуагъ цIыф лъэпкъхэм.

32 Арышъ, сикIалэхэр, шъукъысэдэIух,
сыхьатмафэ ежьэх силъагъохэр
къэзыухъумэхэрэр.

33 Сиушъый шъукъедэIуи, акъыл хэшъух,
ар мыштэ шъумышIы.

* **8:28** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым нэмыкI мэхьанэ щыриIэн ылъэкIыщт: «зегъэпытэхэм».

34 Сыхьатмафэ ежьагъ цIыфэу сэ
къысэдэIурэр,
мафэ къэс къэрэгъулэу сипчъэIу Iутыр,
сипчъэ къэзгъэгъунэрэр.

35 Сэ сыкъэзыгъотрэм щыIэныгъэ
ыгъотыщтба,
ащ шIу Зиусхьаным къыфишIэщтба,

36 ау сэ къыздезымыгъаштэрэм ежь зэрар
зэрихыжьыщт,
сызылъэгъу мыхъурэмэ зэкIэми
лIэныгъэр къыхахы».

## Ябгъонэрэ усэр

***АкъылышIуагъэмрэ акъылынчъагъэмрэ узэрэрагъэблагъэрэр***

**9**

1 АкъылышIуагъэм ежь пае унэ ышIыгъ,
ащ кIэсэнибл фыхиуIучIыкIыгъ.

2 Ибылым щыщ ыукIыгъ,

нахь гохь хъунэу санэм хэтакъохэр
фишIыгъэх,
Iанэр къыушъагъ.

3 ИунэIут бзылъфыгъэхэр ащ ыIофтагъэх,
къалэм ихэIэтыкIыгъэ чIыпIэхэм макъэ
щагъэIунэу:

4 «Хьэрамыгъэ зыхэмылъ пстэури садэжь
къэрэкIу!»
Гулъытэ зимыIэхэм
акъылышIуагъэм ареIо:

5 «ШъукъакIу, сигъомлапхъэ шъушхы,
сисанэ шъуешъу, санэу хэтакъохэр
зыфэсшIыгъэм.

6 ШIэныгъэнчъагъэр IэкIыб шъушIи
шъупсэущт,
зэхэшIыкIныгъэм игъогу шъурыкIу».

7 КIэнэкIалэр зыгъэгъуазэрэм емыкIу
къызфехьыжьы,
цIыф бзаджэхэр къыхэзгъэщрэм зэрар
зэрехыжьы.

8 КIэнэкIалэр къычIэбгъэщмэ – ащ
уилъэгъу хъущтэп,
цIыф акъылышIор къычIэгъэщи – ащ
шIу уилъэгъущт.

9 АкъылышIом еушъыйи, ар нахь
акъылышIо хъущт,
шъыпкъагъэ зиIэр гъаси, ащ ишIэныгъэ
хигъэхъощт.

10 Зиусхьаным ищынагъо гум илъыныр –
акъылышIуагъэм ылъапс,
Тхьэ ЛъапIэр пшIэныр –
зэхэшIыкIныгъ.

11 АкъылышIуагъэр* уигъусэмэ, уимафэхэр
бэгъощтхэба,
къэбгъэшIэщт илъэсхэр кIыхьащтхэба.

12 О уакъылышIомэ, пшъхьэ пае
уакъылышIу;
укIэнэкIалэмэ ор-орэу зэрар
узфэхъужьы.

13 Акъылынчъэр бзылъфыгъэ бырсырым фэд,

* 9:11 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «сэркIэ».

шъырытыгъэ хэлъэп, зыпари
къыгурыIорэп, ышIэрэп.

14 Ар иунэ пчъэIупэ Iус,
къалэм ихэIэтыкIыгъэ чIыпIэхэм
ащэтIысы,

15 гъогурыкIоу блэкIхэрэм ар къяджэ,
Iофхэм ауж итэу ягъогу тетэу кIохэрэм:

16 «Хьэрамыгъэ зыхэмылъ пстэури садэжь
къэрэкIу!»
Гулъытэ зимыIэхэм ащ ареIо:

17 «Псы тыгъугъэр IэшIу,
гъэбылъыгъэкIэ ашхырэ
гъомлапхъэр гохы!»

18 Ау, лIэныгъэм игъогу зэрэфищэхэрэр ахэм
ашIэрэп,
ащ къыфеблэгъагъэхэр хьадрыхэ мэшэм
ишIункI зэрэхэтыщтхэр.

# Сэлмэн къыIогъэ гущыIэжъхэр
## (я 10:1-рэ – я 22:16-рэ усэхэр)

### ЯпшIэнэрэ усэр

**10** 1 Сэлмэн игъэсэпэтхыдэхэр:
Къо акъылышIом тыр егъэгушIо,
ау къо акъылынчъэр – ным игукъау.

2 Хьалэлэу мыугъоигъэ мылъкум шIуагъэ
къыхьырэп,
ау шъыпкъагъэм зигъонэмыс аджалым
ущеухъумэ.

3 Шъыпкъагъэ зиIэхэр мэлэкIэлIэным
Зиусхьаным щиухъумэщтых,
цIыф бзаджэхэм шъхьэзыфэшIу
гухэлъхэу зыфалIэхэрэр
къадигъэхъущтхэп.

4 Iэджэ-быджэхэм тхьамыкIагъом ухащэ,
ау Iэужьырхэм байныгъэ къыпфахьы.

5 Гъэмафэм лэжьыгъэ зыугъоирэ къор
акъылышIу,
ау лэжьыгъэ Iухыжьыгъом чъыерэ къом
емыкIу къехьы.

6 Шъыпкъагъэ зиIэхэм ашъхьэкIэ
Зиусхьаным ынэшIу къащифэщт,
цIыф бзаджэхэм жъалымыгъэр
аушъэфы.

7 Шъыпкъагъэ зиIэхэр шIукIэ агу
къэкIыжьых,
ау цIыф бзаджэхэм ацIэ
къыраIожьыхэщтэп.

8 ЗыгукIэ акъылышIом осыетхэр
икъабылых,
ау делэ гущыIэрэим зегъэкIодыжьы.

9 Зыгу къабзэу щыIэр щынэгъончъэу
псэущт,
ау гъогу къуанщэ къыхэзыххэрэр
аужыпкъэм раубытылIэх.

10 НакIэ къэзышIырэм гумэкI къыпфехьы,
делэ гущыIэрыем зегъэкIодыжьы.

11 Шъыпкъагъэ зиӀэм ыжэ къыдэкӀырэр
щыӀэныгъэм икъэкӀуапӀ,
ау цӀыф бзаджэхэм жъалымыгъэр
аушъэфы.

12 Зэфэмылъэгъуныгъэм зэмызэгъыныгъэр
къегъэущы,
ау шӀулъэгъум псэкӀод пстэури егъэгъу.

13 ЗэхэшӀыкӀ зиӀэм къыӀорэм
акъылышӀуагъэ хэлъ,
акъылынчъэхэм акӀыб бэщыр илъ.

14 ЦӀыф акъылышӀохэм шӀэныгъэр
къагъэгъунэ,
ау акъылынчъэм ыжэ къыдэкӀырэм
кӀодыгъор къегъэблагъэ.

15 Баим имылъку пытапӀэм фэд,
тхьамыкӀэм итхьамыкӀагъэ
кӀодыпӀэм фещэ.

16 Шъыпкъагъэ зиӀэм ишӀухьафтыныр –
щыӀэныгъ,
цӀыф бзаджэм къылэжьрэр – псэкӀод.

17 Ушъыим зынаӀэ тезыдзэрэр – щыӀэныгъэ
гъогум тет,

ау гыем емыдэIурэр мэгъуащэ.

18 Зэфэмылъэгъужьыныгъэр зыгъэбылърэм
ыбзэгу пцIы телъ,
ямыхьакъ атезылъхьэрэр акъылынчъ.

19 ГущыIэрыем псынкIэу псэкIод къегъахъэ,
ау зыбзэгу зыIыгъын зылъэкIырэр
акъылышIу.

20 Шъыпкъагъэ зиIэм къыIорэр тыжьын
хэшыпыкIыгъ,
цIыф бзаджэхэм ягупшысэ макIэ ыуасэр.

21 Шъыпкъагъэ зиIэхэм къаIохэрэр бэмэ
IэпыIэгъу афэхъу,
ау акъылынчъэхэр яакъылынчъагъэ
екIодылIэх.

22 Зиусхьаным ынэшIу зыщифэрэр егъэбаи,
IофшIэн къин ошIэкIэ нахь бай
ухъущтэп.

23 Акъылынчъэм бзаджэ ышIэмэ мэчэфы,
ау зэхэшIыкIныгъэ зиIэр
акъылышIуагъэм егъэтхъэжьы.

24 ЦIыф бзаджэхэм зыщыщынэхэрэр
къяхъулIэщт,
шъыпкъагъэ зиIэхэм ашIоигъохэр
къадэхъущтых.

25 Жьыуаер зэрэшъхьарыкIрэм фэдэу цIыф
бзаджэхэр бзэхыщтых,
ау шъыпкъагъэ зиIэм ылъапсэ
пытэу къэнэщт.

26 Хэфэпсым* цэхэр зэригъэкIодхэрэм,
Iугъом нэр зэрэристыкIрэм
фэд фэмыфыр зыIофтэхэрэмкIэ.

27 Зиусхьаным ищынагъо угу илъыным
гъашIэр егъэкIыхьэ,
ау цIыф бзаджэм игъашIэ
кIыхьэ хъущтэп.

28 Шъыпкъагъэ зиIэм игугъапIэ –
гушIуагъокIэ еухы,
ау цIыф бзаджэр зыщыгугъырэр
къыдэхъущтэп.

---

* **10:26** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым «сода, тэджэпс».

29 Зиусхьаным игъогу цIыфэу зэфэныгъэ
зыхэлъхэмкIэ гъэбылъыпIэ,
ау бзэджагъэ зезыхьэхэрэмкIэ кIодыпIэ.

30 Шъыпкъагъэ зиIэр егъашIэм лъэпэощтэп,
ау цIыф бзаджэхэр чIыгум
щыпсэущтхэп.

31 Шъыпкъагъэ зиIэм акъылышIогъэ
гущыIэхэр къеIох,
ау пцIы къызпыкIрэ бзэгур паупкIыщт.

32 Шъыпкъагъэ зиIэм игущыIэ IэшIу,
ау цIыф бзаджэмэ ажэ мыхъун нэмыкI
къыдэкIырэп.

**ЯпшIыкIузэнэрэ усэр**

**11** 1 Щэчэлъэ мытэрэзхэр Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
шэпхъэ тэрэзыр Ащ шIогонэс.

2 Пэгагъэм емыкIу къыкIэлъэкIо,

ау цIыф шъырытыр акъылышIу.

3 Зэфагъэ зыхэлъхэм ягукъэбзагъэ
шъыпкъагъэкIэ ыгъэзекIощтых,
ау нэпцIхэр якъонщагъэхэм
якIодылIэщтых.

4 Мылъкум Зиусхьаным игубж
укъыIэкIихыщтэп,
ау шъыпкъагъэм зигъонэмыс аджалым
ущиухъумэщт.

5 Зыгу къабзэхэм яшъыпкъагъэ гъогур
къафеузэнкIы,
ау цIыф бзаджэр имыхъо-мышIагъэмэ
агъэлъэпао.

6 Зэфагъэ зыхэлъхэр яшъыпкъагъэ
къыгъэнэжьыщтых,
ау къумалхэр шъхьэзыфэшIу гухэлъхэм
зэлъаубытыщтых.

7 ЦIыф бзаджэр зылIэкIэ игугъапIэхэри
дэлIэжьых,
бзэджашIэхэр зыщыгугърэ мылъкур
мэкIодыжьы.

8 Шъыпкъагъэ зиIэр тхьамыкIагъом
къыхэкIыжьы,
ащ ычIыпIэ гузэжъогъум
бзэджашIэр хэфэ.

9 Зиусхьаным ищынагъо зыгу имылъым
къыпэблагъэр ыбзэгу екIодылIэ,
ау шъыпкъагъэ зиIэхэм яшIэныгъэкIэ
зыкъаухъумэжьыщт.

10 Шъыпкъагъэ зиIэхэм шIу къадэхъумэ,
къалэр мэгушIо,
бзэджашIэхэр кIодхэмэ гушIогъошхом
зыкъеIэты.

11 Зэфагъэ зыхэлъхэм анэшIукIэ къалэм
хахъо ешIы,
цIыф бзаджэхэм абзэгу ар зэхекъутэ.

12 Къыпэблагъэр зэзымыпэсыжьрэр
акъылынчъ,
ау зэхэшIыкIныгъэ зыхэлъым зыпари
къыIорэп.

13 Бзэгу зыхьырэм шъэфхэм ашъхьэ
къырехы,
ау цIыф цыхьэшIэгъум шъэфыр
къегъэгъунэ.

14 Зыгъэгъозэн пащэ зимыIэ лъэпкъыр
кIодыщт,
ау упчIэжьэгъубэ зиIэр къэнэщт.

15 Зыгорэм шэс фэхъурэм тхьамыкIагъо
къызыфехьыжьы,
ау афэшэсыныр зимыкIасэр – рэхьатэу
псэущт.

16 Бзылъфыгъэу шIыкIашIом щытхъу
къелэжьы,
хъулъфыгъэу мышъхьахрэр* мылъкум
фэлажьэ.

17 ЦIыф гукIэгъушIым федэ къызфехьыжьы,
ау жъалымым зэрар зэрехыжьы.

18 ЦIыф бзаджэм къыIэкIэхьэрэ федэр
нэпцIы,
ау шъыпкъагъэр езыутрэм
шъыпкъэныгъэр лэжьыгъэшIоу
егъотыжьы.

19 Шъыпкъагъэм упылъмэ уунэщт,
ау ем улъычъэмэ уунэхъущт.

* 11:16 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «цIыф жъалым».

20 Хьилагъэ зыхэлъ цIыфхэр Зиусхьаным
игущыкIыгъох,
ау зыгу къабзэхэр Ащ игонэсых.

21 Шъыпкъэ дэд: цIыф бзаджэм пщыныжь
зэрихьыщтыр,
ау шъыпкъагъэ зиIэм къытекIыгъэхэр
къэнэжьыщтых.

22 Къом ыпэбзыджын илъ дышъэ
хъурджанэм фэд,
дахэу, бзылъфыгъэ шIыкIаер.

23 Шъыпкъагъэ зиIэхэм ашIоигъохэм
якIэухыр дэгъу,
ау цIыф бзаджэхэм – фыртын.

24 Зыр хьалэлэу мэгуащэмэ, ибайныгъэ
хэхъо,
адрэм имылъку лъэшэу къегъэгъунэми,
тхьамыкIэ мэхъу.

25 ЦIыфэу зыгукIэ хьалэлым нэхъой иIэщт,
псы езгъашъохэрэм ежьыми псы
къыратыжьыщт.

26 Чарэ лъыхъоу*, лэжьыгъэр зыгъэбылърэм
цIыфхэр ебгых,
ау лэжьыгъэр языщэрэм Тхьэм ынэшIу
къыщифэнэу фэлъаIох.

27 ШIушIэным фаблэрэм Тхьэм ишIуагъэ
къыIукIэщт,
ау ем лъыхъурэм ер къыфэкIощт.

28 Мылъкум къосыр тефэщт,
ау шъыпкъагъэ зиIэхэр тхьэпэ
шхъуантIэу къэтIэмыщтых.

29 Иунагъо изытэкъухьэрэм икIэн жьыбгъэм
зэрехьажьы,
акъылынчъэр акъылышIом ипщылIыщт.

30 Шъыпкъэныгъэр – щыIэныгъэм ичъыг,
акъылышIом цIыфхэр зэрещалIэх.

31 Шъыпкъагъэ зиIэм мы чIыгум
къыщилэжьыгъэр мары
щигъотыжьыщт,

* **11:26** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым «чарэ лъыхъоу» хэтэп.

цIыф бзаджэхэмрэ псэкIодышIэхэмрэ
зэрэпщынэщтхэм джащ фэдэу
уицыхьэ тегъэлъ.

## ЯпшIыкIутIонэрэ усэр

12 1 Ушъыир шIу зылъэгъурэм шIэныгъэр шIу
елъэгъу,
гыер зылъэгъу мыхъурэр – мыкъ-мыдж.

2 ЦIыф дэгъум Зиусхьаным шIу
къыфишIэщт,
хьилагъэ зезыхьэрэр Ащ ыгъэпщынэщт.

3 Бзаджэ зышIэрэм ылъачIэ пытэщтэп,
шъыпкъагъэ зиIэм ылъапсэ пытэщт.

4 Бзылъфыгъэ къабзэр
ишъхьэгъусэкIэ тандж,
ау емыкIушIэ шъузыр
къупшъхьэгъэшъу узым фэд.

5 Шъыпкъагъэ зиIэхэм ягухэлъхэр зафэх,

цIыф бзаджэхэм яушъыйхэр — хьилагъ.

6 ЦIыф бзаджэхэм ягущыIэ — хьадрыхэ лъэдан,
зэфагъэ зыхэлъхэм ягущыIэ цIыфхэр къеухъумэх.

7 ЦIыф бзаджэхэр фэххэмэ мэкIодыпэх,
шъыпкъагъэ зиIэм иунагъо къэнэщт.

8 ЦIыф акъылышIом ищытхъу аIо,
тэрэзыджэу гупшысэрэм нэмыплъ раты.

9 ЦIыф къызэрыкIоу ежь-ежьрэу ышъхьэ фэлэжьэжьрэр* нахьышIу,
лъэрыхьэу зыкъэзыгъэлъагъоу ышхын зимыIэм нахьи.

10 Шъыпкъагъэ зиIэм ибылыми ыгу фэгъу,
ау цIыф бзаджэм игукIэгъуи жъалымыгъ.

11 ИчIыгу зылэжьрэр шхыным щыкIэщтэп,
федэ къэзымыхьрэ Iофхэм ауж итыр акъылынчъ.

* 12:9 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым: «унэIут закъо зиIэр» хэт.

12 ЦIыф бзаджэр ежь фэдэхэм яIахьэ
кIэнэцIы,
шъыпкъагъэ зиIэхэм алъапсэ зедзы*.

13 ЦIыф бзаджэр ипцIыусыгъэ елъэхъэжьы,
шъыпкъагъэ зиIэр тхьамыкIагъом
къыхэкIыжьы.

14 КъыIогъэ гущыIэхэм яшIуагъэ цIыфым
егъотыжьы,
хьалэлэу Iоф зышIэрэм къылэжьыгъэ
федэр IокIэжьы.

15 Зытет гъогур делэм шIозаф,
ушъыим едэIурэр акъылышIу.

16 Делэм игубж а сыхьатым къегъэлъагъо,
зэхэшIыкIныгъэ зиIэм шъхьакIо
рахми зещыIэ.

17 Фэшъыпкъэныгъэ зыхэлъ шыхьатым
шъыпкъэр къеIо,
шыхьат нэпцIым къыIорэр пцIызакI.

---

* 12:12 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

18 Мыгупшысэу къэгущыIэрэм къыIорэм
чатэу уеуIэ,
акъылышIом игущыIэ уегъэхъужьы.

19 ГущыIэ шъыпкъэр егъэшIэрэу къэнэжьы,
ау пцIым игъашIэ – нэгъэупIэпIэгъу.

20 ШIэпхъэджагъэ зышIэрэм ыгу
хьилагъэ илъ,
мамыр зыхэлъ ушъыир зытырэм –
гушIуагъо.

21 Шъыпкъагъэ зиIэм тхьамыкIагъо
къехъулIэщтэп,
бзэджашIэхэм ящыIэныгъэ къинихьагъу
закIэу зэхэт.

22 Зыбзэгу пцIы телъхэр Зиусхьаным
игущыкIыгъох,
зигущыIэ фэшъыпкъэхэр Ащ игонэсых.

23 ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэм ишIэныгъэ
къыгъэлъагъорэп,
акъылынчъэм иделагъэ зэкIэми
янэрылъэгъу.

24 Гуетныгъэ зиIэхэм тетыгъо яIэщт,
армэухэр пщылIыщтых.

25 Гум илъ гумэкIым цIыфыр егъэчэфынчъэ,
гущыIэшIум егъэчэфы.

26 Шъыпкъагъэ зиIэхэр адрэ цIыфхэм анахь
насыпышIох,
цIыф бзаджэхэр гъощэщтых*.

27 ШэкIо шъхьахынэм ыгъэжъэнэу
псэушъхьэ къыушэкIурэп,
цIыф чаныр мылъку щыкIэщтэп**.

28 Шъыпкъагъэм игъогу щыIэныгъэм екIу,
ар лъэгъо дэгъу, лIэныгъэм ущеухъумэ.

## ЯпшIыкIущэнэрэ усэр

**13** 1 КIэлэ акъылышIор тым иушъый едэIу,
кIэнэкIалэр гыем едэIурэп.

* 12:26 Мыр мэхьанэу иIэн ылъэкIыщтхэм ащыщ, ижърэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

** 12:27 Мыр мэхьанэу иIэн ылъэкIыщтхэм ащыщ, ижърэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

2 ЦIыфым ыжэ гущыIэ дахэ къыдэкIмэ,
псэукIэшIощт,
ау нэпцIхэр зыфалIэхэрэр жъалымыгъ.

3 Жэм къыдэкIыщтым фэсакърэм
ищыIэныгъэ къеухъумэ,
мыгупшысэу гущыIэрэм зегъэкIодыжьы.

4 Шъхьахынэр зэкIэмэ афэлIэ, ау зыпари
ыгъотрэп,
гуетныгъэ зыхэлъым ишIоигъоныгъэ
къыдэхъу.

5 Шъыпкъагъэ зиIэм пцIыр ылъэгъу хъурэп,
бзэджашIэм хьайнапи емыкIуи
къызфехьыжьы.

6 Шъыпкъагъэм зигъогу занкIэхэр
къеухъумэх,
псэкIодым бзэджашIэр екIодылIэ.

7 Зым зыпари имыIэу баеу зыкъегъэлъагъо,
адрэм бай дэдэзэ тхьамыкIэу
закъыщегъэхъу.

8 МылъкукIэ баим ищыIэныгъэ
къещэфыжьы,

тхьамыкIэм гые зэхихрэп*.

9 Шъыпкъагъэ зиIэхэр нэфынэ шIэтэхых,
бзэджашIэхэм яостыгъэ кIосэщт.

10 Пэгагъэм зэмызэгъныгъэр къыкIэлъэкIо,
ау ушъыим едэIурэм
акъылышIуагъэ егъоты.

11 ПкIэнтIэпскIэ къэмылэжьыгъэ мылъкум
псынкIэу хэкIы,
игъорыгъозэ угъуаерэм имылъку хэхъо.

12 ГугъапIэу бэрэ узажэрэм гур егъэпшъы,
шIоигъоныгъэу къыбдэхъурэр –
щыIэныгъэм ичъыг.

13 РаIорэм емыдэIурэм ежь-ежьырэу зэрар
зэрехыжьы,
осыетыр зыгъэцакIэрэм тын егъоты.

14 АкъылышIом узщигъэгъуазэрэр –
щыIэныгъэми икъэкIуапI,
хьадэгъу лъэхъуми ущеухъумэ.

* 13:8 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «зыгъэщынэн зэхихрэп».

15 Iушыгъэ зыхэлъым ищытхъу аIо,
къумалым игъогу хьылъэ.

16 ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэр шIэныгъэм
тетэу мэзекIо,
акъылынчъэм иделагъэ къегъэлъагъо.

17 ЛIыкIо бзаджэр тхьамыкIагъо хэфэ,
ау шъыпкъагъэ зыхэлъ лIыкIом
уегъэхъужьы.

18 Ушъыир зэмыпэсыным тхьамыкIагъорэ
хьайнапэрэ къыхэкIы,
гыем едэIурэм щытхъу фаIо.

19 ШIоигъоныгъэу къыбдэхъугъэр псэм
шIоIэшIу,
бзэджэшIэным зыщадзыеныр
акъылынчъэхэм агу къафидэрэп.

20 АкъылышIохэр зигъогогъур
акъылышIо хъущт,
делэ уцогъу зиIэм тхьамыкIагъо
къызфехьыжьы.

21 ПсэкIод зышIэрэм ер ыуж ит,
шъыпкъагъэ зиIэмэ шIур тынэу агъоты.

22 ЦIыфышIум икIалэхэми ахэм
якIэлэжьхэми мылъкур кIэнэу
къафегъанэ,
ау псэкIод зышIэхэрэм ямылъку
шъыпкъагъэ зиIэхэм аIэкIэхьэ.

23 ТхьамыкIэм ихьэсэ жъуагъэ лэжьыгъэ
бэгъуагъэ къикIыгъэми,
зэфэнчъагъэм ар шIуегъэкIодыжьы.

24 Бэщым шъхьасрэм икIалэ шIу ылъэгъурэп,
цIыкIузэ ащ игъэсэн езгъажьэрэм
шIу елъэгъу.

25 Шъыпкъагъэ зиIэм ифэныкъуагъэ
ригъэкъунэу амал иI,
ау бзэджашIэр ныбэнэкIэу къэнэ.

## ЯпшIыкIуплIэнэрэ усэр

**14** 1 Бзылъфыгъэ акъылышIомэ унагъо
ашIэщт,

акъылынчъэхэм аIэшъхьитIукIэ ар
зэхагъэтэкъощт.

2 Зэфагъэм тетэу псэурэм Зиусхьаным
ищынагъо ыгу илъ,
ау пцIым игъогу рыкIохэрэм Ащ
нэмыплъ рахы.

3 Акъылынчъэр иделэгъэ гущыIэ
егъэпщынэжьы*,
акъылышIохэр ягущыIэ ежьхэр
къегъэгъунэх.

4 Цу зыдэщымыIэм шхынлъэр щынэкI**,
цум ыкIуачIэ зыгъэфедэрэм лэжьыгъэ
бэгъуагъэ къехьыжьы.

5 Шъыпкъагъэ зыхэлъ шыхьатым
пцIы ыусрэп,
ау шыхьат нэпцIым пцIыр
ижьыкъэщэгъу.

6 КIэнэкIалэр акъылышIуагъэм лъэхъу –
ыгъотрэп,

* 14:3 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «пэгагъэм ибэщ».

** 14:4 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «шхынлъэм лэжьыгъэ къыдэнэ».

зэхэшIыкI зиIэ цIыфым шIэныгъэр
къыфэпсынкI.

7 Делэм пэчыжьэ зышI –
гущыIэ Iуш ащ ыжэ къыдэкIыщтэп.

8 ЗыдакIорэр ышIэныр зэхэшIыкIыныгъэ
зиIэм иакъылышIуагъ,
делэхэм яделагъэ къыхэкIэу
загъэгъощэжьы.

9 Делэр псэкIодшIагъэм дэхьащхы*,
зэфагъэ зыхэлъхэм Зиусхьаным шIу
къафишIэщт.

10 Псэм игукъауи игушIуагъуи гур ары
зышIэрэр,
зыгорэм ахэр дигощын ылъэкIрэп.

11 БзэджашIэм иунэ зэрапхъощт,
зэфагъэ зыхэлъым ипсэупIэ бэгъощт.

12 ЦIыфым зафэу къышIошIэу гъогу щыI,
аужыпкъэм ар лIэныгъэм
уфэзыщэрэ гъогоу.

* 14:9 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

13 Ущхы пэтми угу узэу мэхъу,
гушIуагъор гукъаокIэ ыухыжьэу
къыхэкIы.

14 Гъогу тэрэзым зыгукIэ текIыгъэм
ифэшъуашэ ыгъотыщт,
ау цIыфышIум ишIушIагъэ кIодыщтэп.

15 Хьэрамыгъэ зыхэмылъым зэхихрэр
ышIошъ мэхъу,
зэхэшIыкIыныгъэ зиIэр лъэбэкъоу
ыдзрэ пэпчъ лъэплъэжьы.

16 АкъылышIор сакъ, ем зыщедзые;
делэр губжыпх, телъэдагъэкIэ мэпсэу.

17 Губжыпхэм делагъэ ешIэ,
хьилэр алъэгъу хъурэп.

18 Хьэрамыгъэ зыхэмылъым делагъэ
къехъулIэ,
зэхэшIыкIыныгъэ зиIэр шIэныгъэм
къегъэдахэ.

19 БзэджашIэхэм цIыф дэгъухэм шъхьащэ
афашIыщт,
цIыф бзаджэхэр шъыпкъагъэ зиIэм
ипчъэIу щылъэIощтых.

20 ТхьамыкIэр къыпэблагъэхэми шIу
алъэгъурэп,
ау баим ныбджэгъубэ иI.

21 Къыпэблагъэм нэмыплъ езытрэм псэкIод
къегъахъэ, –
тхьамыкIэм шIу фэзышIэрэр
сыхьатмафэ ежьэ.

22 Ер изыхъухьэхэрэр гъогум текIыгъэхэба?
ШIулъэгъу мыкIодыжьымрэ
фэшъыпкъэныгъэмрэ дэгъугъэм
игъусэх.

23 Iоф хьылъэ пэпчъ федэ къыхэкIы,
гущыIэ нэкIым тхьамыкIагъом уфещэ.

24 АкъылышIомэ ятанджыр байныгъ,
акъылынчъэм иделагъэ нэмыкI
делагъэмэ уафещэ*,

25 Шъыпкъагъэ зыхэлъ шыхьатым
цIыфыпсэр къегъанэ,
ау хьилэм пцIыр ижьыкъэщэгъу.

* **14:24** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым: «зэхаблэу ашъхьэ телъ» хэт.

26 Зиусхьаным ищынагъо цIыфым ыгу
илъыныр цыхьэшIэгъу пыт,
икIалэхэмкIи ежьыркIи шъхьэегъэзыпI.

27 Зиусхьаным ищынагъо угу илъыныр
щыIэныгъэми икъэкIуапI,
хьадэгъу лъэхъуми ущеухъумэ.

28 ЦIыфыр бэмэ, пачъыхьэм ищытхъу ины,
ау цIыфыр макIэмэ, Iэшъхьэтетым
тетыгъор шIокIоды.

29 ЗищэIагъэ иным изэхэшIыкIыныгъи ины,
губжыпхэм иделагъэ къегъэлъагъо.

30 Зыгу рэхьатым ыпкъышъол псэу,
хьагъушъугъуныр къупшъхьэр
зыгъэшъурэ узым фэд.

31 ТхьамыкIэр езыгъэзырэм КъэзгъэшIыгъэм
нэмыплъ реты,
ау егъэзыгъэм шIу фэзышIэрэм Тхьэр
егъэлъапIэ.

32 Бзаджэ зышIэрэр ибзэджэшIагъэ
екIодылIэжьыщт,

ау шъыпкъагъэ зиIэм зэфагъэр*
шъхьэегъэзыпIэ фэхъущт.

33 ЗэхэшIыкIныгъэ зиIэхэм агу
акъылышIуагъэр щырэхьат,
делэхэми ащ хэшIыкI горэ фыряI.

34 Шъыпкъагъэм цIыф лъэпкъыр еIэты,
псэкIодшIагъэм емыкIу цIыфхэм
къафыхэкIы.

35 Гулъытэ зиIэ Iумэтыр пачъыхьэм игуап,
ау емыкIу къыфэзыхьрэм ащ
игубж тефэщт.

**ЯпшIыкIутфэнэрэ усэр**

**15** 1 Джэуап шъабэм зышъэ икIыгъэр
егъэIасэ,
ау гущыIэ гуаом губж уегъэшIы.

---

* 14:32 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «лIэныгъэр».

2 АкъылышIом ыбзэ шIэныгъэр гохьы ешIы,
акъылынчъэм ыжэ делагъэр къыдэтэкъу.

3 Зиусхьаным ынэхэм зэкIэри алъэгъу,
цIыф бзаджэми цIыфышIуми ар
алъэплъэ.

4 Узыгъэхъужьрэ гущыIэр щыIэныгъэ
къэзытрэ чъыг,
бзэгу нэпцIым псэр егъэтакъо.

5 Акъылынчъэм ятэ иушъый нэмыплъ реты,
гыем едэIурэм гулъытэ хэлъ.

6 Шъыпкъагъэ зиIэм иунэ мылъкушхо илъ,
ау бзэджашIэм ихахъо тхьамыкIагъо
къыфехьы.

7 АкъылышIомэ къаIорэмэ шIэныгъэм
зырагъэушъомбгъу,
ау делэм ащ фэдэ амал иIэп.

8 БзэджашIэхэм якъурмэнхэр Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
ау зэфагъэ зыхэлъхэм ятхьэлъэIу Ар
егъэчэфы.

9 ЦIыф бзаджэхэм ягъогу Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
ау шъыпкъагъэм пылъыр Ащ шIу
елъэгъу.

10 Гъогу тэрэзым дэхрэм пшъэдэкIыжь
лъэш ыхьыщт,
гыер зылъэгъу мыхъурэр кIодыщт.

11 Хьадрыхэри чIычIэгъ шIункIри
Зиусхьаным къыфызэIухыгъэх,
ау ащ нахь лъэшэу цIыфыгухэм Ар
ащыгъуаз.

12 КIэнэкIалэм гые раIомэ икIасэп,
упчIэжьэгъукIэ акъылышIом
зыфигъазэрэп.

13 Гур чэфмэ, нэгури чэф,
ау гум гукъао зыщилъым псэри
нэшхъэй хэт.

14 ЗэхэшIыкI зиIэр шIэныгъэм гукIэ фэщагъ,
акъылынчъэхэм делагъэкIэ
загъэшхэкIы.

15 Егъэзыгъэм имафэхэр нэшхъэих,

зыгу гушIуагъо имыкIрэм
имэфэкI зэпыт.

16 Зиусхьаным ищынагъо угу илъэу макIэ
бгъотмэ нахьышIу,
мылъкушхо уиIэу гумэкIым
ухэтыным нахьи.

17 ХэтэрыкI закIэми уикIасэм дэпшхымэ
нахьышIу,
ныбгъэшъум хэшIыкIыгъэ гъомлапхъэр
уиджагъом дэпшхын нахьи.

18 Губжыпхэм зэнэкъокъухэрэр зэкIегъаблэх,
щыIагъэ зиIэм зэмызэгъхэрэр
егъэрэхьатых.

19 Мыпсэу-мылажьэм игъогу пэнэ зэхакI,
зэфагъэ зыхэлъым илъагъо хэхыгъ.

20 Къо акъылышIом тыр егъэгушIо,
ау акъылынчъэм янэ нэмыплъ реты.

21 Делэм акъылынчъагъэр игушIуагъу,
акъыл зыхэлъыр занкIэу макIо.

22 УпчIэжь зыхэмылъ гухэлъхэр зэхэтакъох,
упчIэжьэгъур зибэм ахэр къадэхъух.

23 Джэуап тэрэзыр гушIуагъо,
игъом къэIогъэ гущыIэри сыдэу дэгъуа!

24 АкъылышIом ищыIэныгъэ гъогур дэкIуае,
хьадрыхэ ехрэ гъогур IуегъэкIоты.

25 Пагэхэм яунэ Зиусхьаным
ахигъэкIодыкIыщт,
ау шъузабэхэм ячIыгу гъунапкъэ Ащ
ыгъэпытэщт.

26 ЦIыф бзаджэхэм ягухэлъхэр Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
ау фэбагъэ зыхэлъ гущыIэхэр Ащ
шIокъабзэх.

27 Зэфагъэ зыхэмылъ федэ лъыхъурэм
иунагъо ретэкъухьажьы,
къолъхьэштэныр зылъэгъу мыхъурэр
псэущт.

28 Шъыпкъагъэ зиIэм джэуапыр гукIэ
зэрегъафэ,
цIыф бзаджэхэм ер ажэ къыдэтэкъу.

29 Зиусхьаныр бзэджашIэхэм апэчыжь,
ау шъыпкъагъэ зиIэхэм ятхьэлъэIу
зэхехы.

30 Нэфынэр къызкIихрэ нэплъэгъум гур
егъэчэфы,
къэбарышIум пкъышъолыр егъэпытэ.

31 Федэ къызхэкIрэ гыем едэIурэр
акъылышIохэм ащыщ мэхъу.

32 Ушъыир щызгъэзыерэм ежь-ежьрэу зэрар
зэрехыжьы,
гыем едэIурэм зэхэшIыкIныгъэ егъоты.

33 Зиусхьаным ищынагъо угу илъыным
акъылышIуагъэм хегъахъо,
шъырытныгъэм щытхъур къыкIэлъэкIо.

## ЯпшIыкIухэнэрэ усэр

16 1 ЦIыфхэм гухэлъхэр ашIых,
ау Зиусхьаным ыIуагъэр ары хъущтыр.

2 ЦIыфым ышIэрэ пстэури ежь шIотэрэз,
ау Зиусхьаным гум илъыр ещэчы.

3 Зиусхьаным уиIофхэр фэгъазэхи,
уигухэлъхэр къыбдэхъущтых.

4 ЫшIэхэрэм зэкIэм ателъытагъэу
Зиусхьаным ушъхьагъу иI,
аужыпкъэм цIыф бзаджэр пщынэжь
мафэм пае къыгъэхъугъ.

5 ЗыгукIэ пэгэ пстэури Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
шъыпкъэ дэдэмкIэ мыпщынэу ащ фэдэр
къэнэщтэп.

6 ШIулъэгъу мыкIодыжьымрэ
фэшъыпкъэныгъэмрэ мысагъэр
агъэгъу,
Зиусхьаным ищынагъо гум илъмэ, ем
зыщэодзые.

7 ЦIыфым хихыгъэ гъогум Зиусхьаныр
егъэразэмэ,
ипыйхэми арегъэшIужьы.

8 Шъыпкъагъэ зыхэлъ макIэр нахьышIу
зэфэнчъагъэр къызэбэкIырэ
федэшхом нахьи.

9 ЦIыфым ыгукIэ лъагъор зэрегъафэ,

ау Зиусхьаныр ары лъэубэкъур ащ
щезгъэшIрэр.

10 Пачъыхьэр Зиусхьаным* ыцIэкIэ
къэгущыIэ,
хьыкум ышIмэ, хэукъорэп.

11 Щэчэлъэ тэрэзым Зиусхьаныр егъэразэ,
шэпхъэ тэрэзри Ащ къыбгъодэкIы.

12 Ятетыгъо шъыпкъагъэм егъэпытэшъ,
хэбзэнчъэ Iофыр пачъыхьэхэм
ягущыкIыгъу.

13 Шъыпкъэр къызтекIрэ Iупэхэр пачъыхьэм
шIодэгъух,
зигущыIэ зафэри ащ шIу елъэгъу.

14 Пачъыхьэм игубж лIэныгъэм илIыкIоми,
акъылышIом егъэгупсэфы.

15 Пачъыхьэ нэгум инэф щыIэныгъэм
икъэкIуапI,
ащ ынэшIу гъэтхэ ощхыр къэзыхьрэ
ошъуапщэм фэд.

* 16:10 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым «Зиусхьан» хэтэп.

16 АкъылышIуагъэм уфэблэныр дышъэм
нахьи нахь дэгъу,
зэхэшIыкIыныгъэр къыхэпхыныр
тыжьыным нахьышIу.

17 Зэфагъэ зыхэлъхэм ягъогу ем ебгъукIо,
зигъогу зыухъумэрэм ыпсэ
къеухъумэжьы.

18 Пэгагъэм кIодыпIэм уфещэ,
шъхьэгъэшIожьыным фэхыныр
къыкIэлъэкIо.

19 Шъырытэу тхьамыкIэхэм урягъусэныр
нахьышIу,
пагэхэм къонтхъыр адэбгощыным нахьи.

20 АкъылыгъэкIэ Iофыр зэшIозыхрэм
шIугъэ егъоты,
Зиусхьаным цыхьэ фэзышIрэр
сыхьатмафэ ежьэ.

21 АкъылышIом зэхэшIыкI иIэу алъытэщт,
гущыIэ IэшIум шIэныгъэм хигъэхъощт.

22 Iушыгъэр зиIэхэмкIэ щыIэныгъэм
икъэкIуапI,
акъылынчъэр иделагъэ егъэпщынэ.

23 АкъылышIом игущыIэ гъэсэныгъэ хэлъ,
игущыIэхэм шIэныгъэм хагъахъо.

24 Фэбагъэ зыхэлъ гущыIэхэр – шэко шъоу
гъуаткIу,
псэм шIоIэшIух, пкъышъолым еIазэх.

25 ЦIыфым зафэу къышIошIэу гъогу щыI,
аужыпкъэм ар лIэнытъэм уфэзыщэрэ
гъогоу.

26 Iоф зышIэрэр зэрэмэлакIэрэм пае
мэлажьэ,
шхэ зэрэшIоигъом ар егъэгуIэ.

27 ЦIыф мыхъатэм ер къеугупшысы,
ащ игущыIэ узыстрэ машIом фэд.

28 ЦIыф пцIыусым зэнэкъокъухэрэр
зэкIегъаблэх,
бзэгухьэм ныбджэгъухэр зэгуещых.

29 ЦIыф жъалымым къыпэблагъэр
псэкIодшIэным тырегъэгушIухьэ,
гъогу дэим ар тырещэ.

30 НакIэ зышIырэм гухэлъ дэйхэр рехъухьэх,
IупшIэр Iуикъузэзэ, бзаджэ ешIэ.

31 Шъхьац тхъуагъэр лъытэныгъэм итандж,
шъыпкъагъэ зыхэлъ гъашIэм итамыгъ.

32 ЩэIагъэ уиIэныр укъарыушхоным
нахьышIу,
зыIэжэжьыныр къалэр зыштагъэм
нахь дэгъу.

33 Пхъэдзыр джэнэкокIым радзэ,
ау къикIыщтыр Зиусхьаным ыIэ илъ.

## ЯпшIыкIублэнэрэ усэр

17 1 Хьалыгъу гъугъэ такъырымрэ
рэхьатныгъэмрэ нахьышIу,
ешхэ-ешъо* зэрыт унэу зэмызэгъыныгъэ
зэрылъым нахьи.

2 Гулъытэ зиIэ Iумэтым емыкIу зышIэрэ
кIалэм тетыгъо шIуиштэщт,

* 17:1 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: къурмэныл.

бысымым икIалэхэм афэдэу ежьыри
кIэныр адигощыщт.

3 Тыжьынымрэ дышъэмрэ зыщагъэткIухэрэ
хьакум щагъэкъабзэх,
ау гухэр Зиусхьаным еушэтых.

4 ЦIыф бзэджашIэр гущыIэ дэйхэм ядэIу,
пцIыусым ынаIэ гущыIэу
узгъэплъэхъухэрэм атыредзэ.

5 ТхьамыкIэр езыгъэзрэр КъэзыгъэшIыгъэм
кIэнакIэ,
тхьамыкIагъом ыгъэчэфрэм пщыныжь
ыхьыщт.

6 КIалэмэ якIэлэжьхэр – жъыхэмкIэ тандж,
кIалэхэм ящытхъур – ны-тыхэр арых.

7 ГущыIэ зэгъэфагъэ акъылынчъэм
къыIоныр епэсыгъэп,
цIыф лъэрыхьым ыбзэгу пцIы телъмэ ащ
нахь дэижь.

8 Къуалъхьэр зытрэм шхъухьэ уцыр
къыгъотыгъэу* къыщэхъу,

* 17:8 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: мыжъо лъапI.

тыдэ зигъазэми зыфаер къыдэхъунэу.

9 ПсэкIодышIагъэр зыгъэгъурэр
шIулъэгъу лъэхъу,
ар агу къэзыгъэкIыжь зэпытырэм
ныбджэгъугъэр IуегъэкIоты.

10 Делэм огъуишъэр зэрэзэхишIэрэм нахьи
зэхэшIыкI зиIэм гыер нахь лъэшэу
пкъырэхьэ.

11 ЦIыф бзаджэр Зиусхьаным*
зэрэпэшIуекIощтым лъэхъу,
джащ пае гукIэгъу зимыIэ лIыкIор Ащ
къыфигъэкIощт.

12 Щырхэр зышIокIодыгъэ мышъэанэм
уIукIэныр нахьышIу,
акъылынчъэу делагъэ зезыхьэрэм
уIукIэн нахьи.

13 ШIум екIэ пэгъокIрэм
иунэ ем къыбгынэщтэп.

* 17:11 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым Зиусхьан хэтэп.

14 Зэнэкъокъум икъежьапIэ псы
къиугъэм фэд,
зэщыхьаныр къызэкIэмынэзэ укъэуцумэ
нахьышIу.

15 БзэджашIэр зыухыйри шъыпкъагъэ зиIэр
зыгъэпщынэри –
тIури зэфэдэхэу ЗиусхьанымкIэ
игущыкIыгъох.

16 Делэм акъылышIуагъэ ыщэфынэу сыд пае
ахъщэ ыIыгъыщта,
гулъытэ имыIэмэ?

17 Ныбджэгъум сыд фэдэ уахъти шIу
уелъэгъу,
зыщиутхьамыкIагъом пшы фэдэу ар
къыбдеIэ*.

18 Акъылынчъэр шэс фэхъу
зыгорэм ичIыфэ ытыжьынэу.

19 ПсэкIодшIэныр зикIасэм
зэмызэгъынығъэр икIас,

* 17:17 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым «шыр ары тхьамыкIагъор къыбдэзыгощрэр» итхагъ.

шъхьэщытхъужьыр кIодыпIэм лъэхъу*.

20 Зыгу тхьагъэпцIыгъэ илъым шIугъэ
къыдэхъущтэп,
пцIыр зыбзэгу телъыр тхьамыкIагъо
хэфэщт.

21 Делэ къызыхэкIыгъэр гукъаом хэкIыщтэп,
акъылынчъэм тыр ыгъэгушIощтэп.

22 Гур чэфмэ Iэзэгъу, псаунымгъэр егъэпытэ,
псэм инэшхъэигъо къупшъхьэр егъэгъу.

23 ЦIыф бзаджэм ыгужъуакIэ къуалъхьэр
делъхьэ,
хьыкумыр гъогу пхэндж
тырищэным пае.

24 ЗэхэшIыкI зиIэм акъылышIуагъэр
инэплъэгъу ригъэкIрэп,
ау делэм ынэхэр чIымэ агъунэ нэс
маплъэх.

25 КIэлэ делэр тымкIэ гукъау,
нымкIэ гуузышху.

---

* 17:19 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «зикъэлапчъэ лъагэу зыIэтрэр».

26 Дэгъоп шъыпкъагъэ зиIэр бгъэпщынэнри
цIыф зафэр бгъэмысэнри.

27 ШIэнычгъэ зиIэр къыIощтым фэсакъы,
зэхэшIыкIыныгъэ зиIэм ишэн
гъэтIылъыгъ.

28 КъэмыгущыIэмэ, делэри акъылышIоу
къащыхъущт,
ыжэ къызэтыримыхмэ, губзыгъэу
къашIошIыщт.

## ЯпшIыкIуенэрэ усэр

**18** 1 Зышъхьэ щэхъу пымылъэу псэурэр
зигъэтхъэным ыуж ит,
акъыл зыхэлъ гупшысэ пстэури
щегъэзые.

2 Акъылынчъэм зэхэшIыкIыныгъэр шIу
ылъэгъурэп –
ежь ишIошI къыIон закъор икIас.

3 БзэджэшIагъэм ыуж нэмыплъыр
къыкIэлъэкIо,
намысынчъагъэм хьайнапэр къыдэкIо.

4 ЦIыфым игущыIэ – псы куум ычIэгъ,
акъылышIуагъэм ипсынэкIэчъ –
зэпымыоу чъэрэ псыхъожъый.

5 Дэгъоп бзэджашIэм удеIэнри,
лажьэ зимыIэр хьыкум зафэм
хэбгъэкIынри.

6 Делэр ыжэ зэнэкъокъум хещэ,
ащ игущыIэ къырегъаох.

7 Делэр ыжэ къыдэкIрэм екIодылIэжьы,
къыIорэм елъэхъэжьы.

8 Бзэгухьэм игущыIэхэр шхын IэшIум
фэдэх,
цIыфым ыныбэ кIоцI шъыпкъэ ехьэх.

9 IофшIэнымкIэ шъхьахынэр –
зэхэкъутэным фэIазэм ыш.

10 Зиусхьаным ыцIэ пытэпIэ лъэш:
шъыпкъагъэ зиIэр Ащ екIужьмэ,
къэнэщт.

11 БаимкIэ мылъкур пытапIэм фэд,
дэпкъ лъагэу ар ащ къышIошIы.

12 КIодыным ыпэкIэ цIыфым ыгу
пэгагъэр къехьэ,
шъырытныгъэм щытхъур къыкIэлъэкIо.

13 КъаIорэр зэхэмыфэу джэуап птыжьыныр
делагъ, хьайнэпагъ.

14 ЩыIэныгъэм фаблэрэр узым текIо,
ау гур кIодыгъэмэ, сыдэущтэу упсэущта?

15 ЗэхэшIыкI зиIэм шIэныгъэр еугъои,
акъылышIом ытхьакIуми ащ фэгъэзагъ.

16 ШIухьафтыным цIыфым иIоф зэпегъафэ,
лъэкI зиIэхэм ахещэ.

17 Зэнэкъокъум апэ къыщыгущыIэрэр
шъыпкъаIоу къыщэлъагъо,
ау дэогъур къэкIо, ащ къыIуагъэм
ылъапсэ къызэхефы.

18 Пхъэдзым зэнэкъокъум кIэух фешIы,
лъэкI зиIэхэм язэнэкъокъу зэшIуехышъ.

19 Зыгу хэбгъэкIыгъэ шыр къэлэ
зэтегъэпытыхьагъэм нахь пыт,
зэщыхьагъухэр пытэпIэ сэхъ
рыгъэчъагъэм фэдэх.

20 ГущыIэ дахэу ыжэ къыдэкIрэм цIыфыр
егъэтхъэжьы,
ыбзэгу къыпыкIрэм ар егъэрэзэжьы.

21 ЛIэныгъэмрэ щыIэныгъэмрэ бзэгупэм
пылъых,
гущыIэныр шIу зылъэгъурэр
ылэжьыгъэм IукIэжьыщт.

22 Шъуз зыгъотыгъэм насып ыгъотыгъ,
Зиусхьаным шIу ащ къыфишIагъ.

23 ТхьамыкIэм игущыIэ лъэIу хэлъ,
ау къедысэу баим джэуап ащ
къыретыжьы.

24 Ныбджэгъухэр зэрэгъэкIодыжьхэу мэхъу*,
ау шым нахь лъэшэу шIу узылъэгъурэ
ныбджэгъуи щыI.

* 18:24 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыр мэхьанэу щыриIэн ылъэкIыщтхэм зэу ащыщ.

**ЯпшIыкIубгъонэрэ усэр**

**19** 1 Зыгу къабзэу игъогу тет тхьамыкIэр нахьышIу
делэ пцIыусым нахьи.

2 Гуетныгъэу шIэныгъэр зыхэмылъыр дэгъоп,
гузажъорэр – хэукъощт.

3 ИделагъэкIэ цIыфым ищыIэныгъэ зэрар фэхъужьы,
ау Зиусхьаным лажьэр фелъэгъу.

4 Мылъкум ныбджэгъубэ къыпфешIы,
ау тхьамыкIэр ныбджэгъу закъоу иIэм къычIедзыжьы.

5 Шыхьат нэпцIыр мыпщынэу къэнэщтэп,
пцIыусри ащ IэкIэкIыщтэп.

6 Лъэрыхьэм ынэшIу цIыфыбэ кIэнэцIы,
шIухьафтын зытрэм зэкIэри иныбджэгъу.

7 ТхьамыкIэр ышхэми афэлъэгъурэп,
джащ фэдэу иныбджэгъухэми ащ
зыщадзые:
адэгущыIэ шIоигъоу къалъечъыхьэ, ау
къыдэхъурэп!*

8 АкъылышIуагъэр зэзгъэгъотрэм шIу
зелъэгъужьы,
зэхэшIыкIыныгъэр зыухъумэрэм
шIуагъэ егъоты.

9 Шыхьат нэпцIыр мыпщынэу къэнэщтэп,
пцIы зыусрэр кIодыщт.

10 Делэр фэшIыгъэу щыIэныр къекIурэп,
джащ фэд Iумэтым пщыхэр
ыгъэIорышIэнхэри.

11 ЦIыф Iушым щэIагъэ хэлъ,
псэкIодышIагъэхэр афигъэгъуныр
ежьыркIэ щытхъугъ.

12 Пачъыхьэм игубж аслъаным игъог
макъэ фэд,
уцым телъ осэпсым яхьщыр ащ ынэшIу.

* 19:7 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

13 Къо делэм тыр екIодылIэ,
шъуз цIэцIалэр зэпымыоу къеткIухрэ
псым ымакъ.

14 Унэмрэ мылъкумрэ тыхэм къакIэны,
шъуз губзыгъэр Зиусхьаным къыуеты.

15 Шъхьахынэным чъые куум ухещэ,
фэмыфыр мэлэкIэлIэщт.

16 Унашъор зыгъэцакIэрэм ищыIэныгъэ
къеухъумэжьы,
гъогу зэхэдз зымышIрэр мэкIоды.

17 ТхьамыкIэм етэрэм Зиусхьаным
чIыфэ реты,
ащ фишIагъэм ипэгъокI Зиусхьаным
къыритыжьыщт.

18 Бгъэсэным игугъапIэ уеIэфэ уикIалэ
еушъый,
кIодыпIэм екIуным ар щыухъум*.

19 Губжыпхэм пшъэдэкIыжь ыхьыщт,

* 19:18 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «уфэмыгубж, ар пIэкIэукIэным нэсэу».

зэ IэпыIэгъу уфэхъумэ, етIани уишIуагъэ
ебгъэкIын фаеу хъущт*.

20 Ушъыим едэIуи, гыер къызыхэгъахьи
къэбгъашIэмэ акъылышIо ухъущт.

21 ЦIыфым ыгу гухэлъыбэ илъ,
ау хъурэр Зиусхьаным рихъухьагъэр ары.

22 Анахь уасэ зиIэр цIыфым гукIэгъу
хэлъыныр ары**;
тхьамыкIэр нахь дэгъу пцIыусым нахьи***.

23 Зиусхьаным ищынагъо угу илъыным
щыIэныгъэ къыуеты,
ар зыгу илъыр рэхьатэу мэчъые,
тхьамыкIагъор къыкIэхьащтэп.

24 Фэмыфым ыIэ лагъэм релъхьэ,

* 19:19 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «IэпыIэгъу уфэхъунэу уфежьэмэ, иIоф нахь дэй пшIыщт».

** 19:22 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «Нэе-псыягъэр цIыфымкIэ хьэйнапэ».

*** 19:22 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «УтхьамыкIэмэ нахьышIу пцIыкIэ хьыкумым уиIоф щызэшIопхыным нахьи».

ау ыIэ ыжэ фихьыжьыным
дэшъхьахыжьы.

25 КIэнэкIалэр бгъэпщынэмэ хьэрамыгъэ
зыгу имылъым гу лъитэщт,
акъылышIор къычIэгъэщи шIэныгъэ иIэ
хъущт.

26 Тым дэеу фыщытэу, ныр изыфрэ къом
емыкIурэ хьайнапэрэ къызыфехьыжьых.

27 СикIал, ушъыим зыщыбдзыемэ,
шIэныгъэ зыхэлъ гущыIэхэм уахэныщт.

28 Шыхьат мыхъатэр зэфагъэм кIэнакIэ,
цIыф бзэджашIэм ер едыры.

29 КIэнэкIалэмэ пщыныжьыр къяжэ,
акъылынчъэхэм атхыцIэ – утыныр.

## ЯтIокIэнэрэ усэр

20 1 Санэм уегъэшъхьэпае, шъуатэм
уегъэбырсыры:
ахэм зязгъэгъапцIэрэр акъылышIо
хъущтэп.

2 Пачъыхьэм ижъалымыгъэ аслъаным игъог
макъэ фэд,
ар зыгъэгубжрэр кIодыпIэ ефэ.

3 Нэкъокъоным зыщидзыеныр цIыфымкIэ
щытхъугъ,
ау делэ пстэуми зэщыхьаныр якIас.

4 Шъхьахынэм игъом ичIыгу ыжъорэпышъ,
хыныгъом Iуихыжьынэу лэжьыгъэ
ыгъотыщтэп.

5 ЦIыфым игухэлъхэр – псы куум ычIэгъ,
ау зэхэшIыкI зиIэм ахэр къычIехых.

6 ГукIэгъу ахэлъэу бэмэ аIо,

ау цыхьэ зыфэпшIын хэт IукIэрэр?

7 Шъыпкъагъэ зиIэр гукъэбзагъэм
тетэу мэпсэу,
ащ икIалэхэр сыхьатмафэ ежьагъэх.

8 Хьыкум тахътэм пачъыхьэр тетIысхьэмэ,
нэплъэгъу закъокIэ ер релъэгъукIы.

9 «Сыгу къабзэ, псэкIодышIагъэ симыIэу
сыкъабз», –
хэта зыIон зылъэкIыщтыр?

10 Шэпхъэ мытэрэзри пщэлъэ мытэрэзри –
тIури зэфэдэу Зиусхьаным
игущыкIыгъох.

11 Игъэпсыкіэ ныбжьыкIэр зыфэдэр
къыуегъашIэ,
изекIуакIэ къабзэмэ, зафэмэ.

12 ТхьакIумэу зэхэзыхыри нэу зылъэгъури –
тIури Зиусхьаным къыгъэшIыгъэх.

13 Чъыеныр шIу зылъэгъурэр тхьамыкIэ
ащ ехъулIэ,
унапIэ къызэтехи, Iоф шIи, пфикъунэу
пшхын бгъотыщт.

14 «Дэи, лъапIэ», – еIо щэфакIом,
ау зыIукIыжькIэ, ыщэфыгъэм рэкъэи.

15 Дышъи щыI, налмэс-налкъути,
ауми гущыIэ Iушхэр лъэпIэ дэдэх.

16 Хымэ цIыфым шэс фэхъурэм иджанэ
къыIыпхын фае,
къыIыхи ар Iыгъ, хымэхэм шэс
зэрафэхъурэм пае.

17 ГъэпцIагъэкIэ цIыфым
къызыIэкIигъэхьэрэ гъомлапхъэр
шIоIэшIу,
ау етIанэ мыжъокIэ жъгъэир жэм дизэу
къыщыхъущт.

18 Джэнджэшэгъум еупчIыжьхэзэ
гухэлъхэр ашIых;
упчIэжьэгъу зэгъэгъоти, заом дэубл.

19 Бзэгу зыхьрэм шъэфыр фэушъэфрэп, –
бэ зыIорэ цIыфым зыщыдзый.

20 Ятэрэ янэрэ ябгыжьрэм
игъэшIэ остыгъэ чэщныкъо шIункIым
щыкIосэщт.

21 КIэнэу гуIэнкIэ упхъотагъэм
ыужым гухахъо хэбгъотэщтэп.

22 УмыIо: «Ем екIэ сыпэгъокIыжьыщт!»
Зиусхьаным щыгугъи – Ащ
укъиухъумэщт.

23 Щэчалъэ мытэрэзыр Зиусхьаным
игущыкIыгъу,
шапхъэ мытэрэзми Ар дэеу еплъы.

24 ЦIыфым лъэбэкъоу ричрэр Зиусхьаным
еузэнкIы.
Сыдэущтэу игъогупэ зыдэгъэзагъэр
цIыфым къыгурыIощта?

25 Емыгупшысэу тхьэлъанэ ышIыныр,
етIанэ кIэгупшысыхьажьыныр –
цIыфымкIэ лъахъэ.

26 Пачъыхьэ акъылышIом бзэджашIэхэр
релъэгъукIых,
ыгу ямыгъоу пщыныжь арегъэхьы*.

27 ЦIыфым ыпсэ Зиусхьаным иостыгъэ нэф,

* **20:26** Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым «щэрэхъкIэ ыщытIэщтых» хэт.

ыгучIэ нэсэу ащ реушэты.

28 ШIулъэгъу мыкIодыжьымрэ
фэшъыпкъэныгъэмрэ пачъыхьэр
къаухъумэ,
гукIэгъумкIэ итетыгъо ащ егъэпытэ.

29 КIэлэ ныбжьыкIэм ищытхъу зыхэлъыр
ыкIуачI,
шъхьац тхъуагъэм нэжъ-Iужъыр
къегъэдахэ.

30 Утын-ужъгъыным бзэджагъэр
пкъышъолым хеуты,
утынэу дашIэхрэм цIыфым ишэн нахь
еузэнкIы.

## ЯтIокIэнэрэ зырэ усэр

**21** 1 Пачъыхьэм ыгу псылъакъоу Зиусхьаным
ыIэ илъ,
зыфэе бгъум ар Ащ егъазэ.

2 ЦIыфым игъогухэр зэкIэ ежь
шIозэфэжьых,
ау гумэ арылъыр Зиусхьаным еушэты.

3 Шъыпкъагъэм, зафэм тетэу зекIорэр
къурмэн зышIрэм нахьи Зиусхьаным
нахь икIас.

4 Нэплъэгъу пагэмрэ гоу
зыкъызышIошIыжьырэмрэ
псэкIодышIэн, бзэджашIэм къыфэнэфрэ
остыгъэ закъу*.

5 Гуетныгъэ зыхэлъыр игухэлъхэм
гъэбэжъум фащэ,
ау гузэжъопхэ пстэури тхьамыкIагъо
хэкIыщтхэп.

6 ПцIыусыгъэкIэ зэIугъэкIэгъэ мылъкур, –
лIэныгъэм екIугъэм ижьыкъэщэгъу
пахъэ фэд.

7 Зэфагъэ ахэлъэу зекIонэу фаехэпышъ,

* 21:4 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «псэкIодшIэн – хьэсэ жъуагъэм щалэжьыгъэ закъоу ахэм къахьыжьы».

бзэджашIэхэр яжъалымыгъэ
екIодылIэжьыех.

8 Мысэхэм ягъогу IонтIэ-щантI,
ау хыехэм язекIуакIэ зафэ.

9 Унэшъхьэ къуапэм ущыпсэуми нахьышIу
шъуз цIэцIалэм зы унэм у
дисыным нахьи.

10 ЦIыф бзэджашIэр ем фэлIэ,
къыщыгугъурэми гукIэгъу фыриIэп.

11 КIэнэкIалэр агъэпщынэмэ хьэрамыгъэ
зыгу имылъыр нахь Iуш мэхъу,
акъылышIом еушъыйхэмэ
ишIэныгъэ хэхъо.

12 Зиусхьанэу шъыпкъагъэ зыбгъодэлъым*
бзэджашIэм иунэ егъэунэфы,
Ащ кIодыпIэм ар редзэ.

13 ТхьамыкIэм икуо макъэ зытхьакIумэ
изымыгъахьэрэр
ежь куоми, зи гугъу къыфелIыжьыщтэп.

* 21:12 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «шъыпкъагъэ зиIэм».

14 ШIухьафтын шъэфым губжыр егъэкIуасэ,
къуалъхьэу гужъуакIэм дэлъым – губж
лъэшыр.

15 Хьыкумыр зафэмэ шъыпкъагъэ зиIэм
игушIогъошху,
ау бзэджашIэхэмкIэ ар щынэгъошху.

16 ЗэхэшIыкIыныгъэм игъогу текIыгъэр
хьадрыхэ щыIэхэм гъусэ афэхъущт.

17 Зигъэтхъэныр зикIасэр тхьамыкIэ хъущт,
ешхэ-ешъоныр зикIасэр бай хъущтэп.

18 БзэджашIэхэм ер къызфахьыжьы,
шъыпкъагъэ зиIэхэм тхьамыкIагъо
къафахьэу аIозэ*.

19 Шъоф нэкIым ущыпсэумэ нахьышIу,
шъуз цIэцIалэ губжыпхэм
удэпсэун нахьи.

20 Мылъку лъапIэмрэ гъомлапхъэмрэ**
акъылышIом иунэ илъых,

* 21:18 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым къин мэхьанэр къыщыбгурыIоныр.

** 21:20 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «дагъэ».

акъылынчъэм ахэр ешхыжьых.

21 Шъыпкъагъэмрэ шIулъэгъумрэ
арыгъуазэрэм
щыIэныгъи, шъыпкъагъи,
щытхъуи ыгъотыщт.

22 АкъылышIом дзэм ыухъумэрэ къалэр
ыштэн ылъэкIыщт,
пытапIэу ахэр зыщыгугъыщтыгъэхэри
зэхикъутэщт.

23 Ыжэрэ ыбзэгурэ афэсакъыжьрэм
тхьамыкIагъохэм защиухъумэщт.

24 УкIытэ зимыIэ пагэр, «кIэнэкIал» –
ащ ыцIэр,
ипэгагъэ хэтэу зимышIэжьэу мэзекIо.

25 Фэмыфыр ишIоигъоныгъэхэм ялIылIэщт,
ыIэхэм Iоф аригъэшIэнэу фаепышъ.

26 БзэджашIэхэр мафэ къэс нахьыбэм
кIэхъопсых,
шъыпкъагъэ зиIэр шъхьамысэу мэгуащэ.

27 БзэджашIэхэм якъурмэнхэр Зиусхьаным
игущыкIыгъох,

анахьэуи ашъхьэ ифедэ хэлъэу ахэр
зашIыхэкIэ.

28 Шыхьат нэпцIым къыIорэр
къырагъэухрэп,
зэхихыгъэр зыIожьрэм игущыIэ
Iэпахрэп.

29 ЦIыф бзаджэм лъэкI иIэу зыкъегъэлъагъо,
шъыпкъагъэ зиIэр гъогоу зэрыкIощтым
егупшысэ*.

30 АкъылышIуагъи, зэхэшIыкIыныгъи,
ушъыий яшIуагъэ къыокIыщтэп,
Зиусхьаным упэшIуекIомэ.

31 Шыр мэфэ зэо-банэм фагъэхьазыры,
ау Зиусхьаныр ары текIоныгъэр
къыозытырэр.

* 21:29 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «гъогу зафэм тет».

## ЯтIокIэнэрэ тIурэ усэр

22 1 ПцIэ дахэкIэ раIоныр мылъкубэ уиIэным
нахьышIу,
нэшIукIэ къыоплъынхэр тыжьыни
дышъи анахь лъапI.

2 Баимрэ тхьамыкIэмрэ зэфэзгъадэхэрэр –
тIури Зиусхьаным
къызэригъэхъугъэхэр ары.

3 ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэм щынагъор
елъэгъушъ, зегъэбылъы,
мыдаIохэм апэ рагъэхъушъ, мэпщынэх.

4 Шъырытныгъэмрэ Зиусхьаным ищынагъо
угу илъынымрэ
къакIакIорэр байныгъэр, щытхъур,
щыIэныгъэр.

5 ТхьагъэпцIхэм ягъогу панэрэ
лъахъэрэ тизых,

щыIэныгъэм уасэ фэзышIрэм ахэмэ
защидзыещт.

6 ЦIыкIузэ кIалэм гъогу тэрэзыр
егъэлъэгъуи,
ижъыгъоми ащ текIыщтэп.

7 Баим тхьамыкIэр егъэIорышIэ,
чIыфэ зыштагъэр зыIихыгъэм ипщылI.

8 Тэрэзыджэу зекIорэм тхьамыкIагъо
къызфехьыжьы,
цIыфхэр зэригъэчырэхэрэми
кIэух фэхъущт.

9 ЦIыф хьалэлым Тхьэм ынэшIу
къыщифэщт,
тхьамыкIэм гъомлапхъэр дегощышъ.

10 КIэнэкIалэр Iуфи зэнэкъокъури кIосэщт,
зэщыхьан-зэцIэцIэным кIэух фэхъущт.

11 Гу къабзэр шIу зылъэгъоу,
жэбзэ дахэр зикIасэм
пачъыхьэр иныбджэгъущт.

12 Зиусхьаным Инэплъэгъу шIэныгъэ зиIэхэр
къеухъумэх,

нэпцӀым игущыӀэ Ащ къычӀегъэщы.

13 Мыпсэу-мылажьэм еӀо:
«Урамым аслъаныр тес!
СикӀмэ секӀодылӀэщт!»

14 Хымэ бзылъфыгъэм игущыӀэ дахэ
мэшэ куу,
Зиусхьаным игубж зытефэрэр ащ ифэщт.

15 Делагъэу кӀэлэгум илъыр
чы огъу дэгъум риутыщт.

16 Имылъку хигъэхъонэу тхьамыкӀэр
зыгъэчырэмрэ
баим етэрэмрэ тхьамыкӀэ хъущтых.

## АкъылышӀомэ ягущыӀэ щэкӀ
## (я 22:17-рэ – я 24:22-рэ усэхэр)

17 ПтхьакӀумэ фэгъази, акъылышӀомэ
ягущыӀэ едэӀу,
озгъашӀэрэр угу иубыт:

18 тхъагъо ахэр угу щыуухъумэхэмэ,
сыд фэдэ уахъти къэпӀон
плъэкӀыщтхэмэ,

19 угукIэ Зиусхьаным цыхьэ фэпшIыным пае
оры ахэр непэ зэзгъашIэхэрэр.

20 ЩэкI хъоу ахэр сэ о къыпфэстхыгъэхэба,
ушъыйрэ шIэныгъэрэ ахэлъба;

21 фэшъыпкъэныгъэм игущыIэ озгъэшIэнэу,
узыIофтэрэмэ шъыпкъагъэр зыхэлъ
гущыIэ къафэпхьыжьынэу!

## *1*

22 ТхьамыкIэр зэрэтхьамыкIэм пае
умыгъэчырэ,
амалынчъэу хьыкумым къекIолIагъэр
нэпч имыф.

23 Зиусхьаным ахэм яIоф зэхифыщт,
яфитныгъэ зыукъорэмэ апсэ Iуихыщт.

## *2*

24 Губжыпхэр умыгъэныбджэгъу,
цIыф шэнычъэр пыщэгъу умышI,

25 игъогу урымыкIоным,
лъахъэм уимыфэным пае.

## *3*

26 Шэс уафэхъуным удэмыгуI,

зыгорэм ичIыфэ зэритыжьыщтымкIэ
зыгъэгугъэхэрэм уахэмыхь:

27 зэрэптыжьын уимыIэмэ,
узтелърэ пIэкIорри пIахыщт!

*4*

28 УмыгъэкIуатэ пэсэрэ гъунапкъэхэу
уятэжъымэ агъэуцугъэхэр.

*5*

29 ЗиIоф хэшIыкI физиIэ цIыф
плъэгъугъа? –
ар пачъыхьэхэм апашъхьэ итыщт,
къызэрыкIохэми Iоф афишIэщтэп.

## ЯтIокIэнэрэ щырэ усэр

*6*

# 23

1 Тетыгъор зиIэм удэшхэнэу утIысмэ,
зыщымыгъэгъупш зыпашъхьэ уисыр,

2 шхыным уфэнэе-псыемэ,
пшхырэм ибагъэ фэсакъ.

3 Ащ ишхыныгъо IэшIумэ уямынэцI,
ахэр гъомылэ гъэпцIалэх.

*7*

4 Мылъку угъоиным земыгъэуух,
ащ уемыгупшыс.

5 Мылъкум уинэплъэгъу зэрэтебдзэу ар
дэдэм мэкIодыжьы:
тамэхэр зэкIехыхэшъ,
бгъэжъым фэдэу, ар ошъогум ебыбэжьы.

***8***

6 ЦIыф хьэрамым игъомылэ умышх,
ащ ишхыныгъо IэшIумэ уямынэцI,

7 сыда пIомэ Iулъхьэр ащ къелъытэ,
«шхэ, ешъу», – еIо,
ау ыгу илъыр нэмыкI.

8 Iулъхьэу пшхыгъэр къэбжыжьыщт,
гущыIэшIухэр хьаолыеу къэпIощтых.

***9***

9 МыдаIор гущыIэгъу умышI,

Iушыгъэ зыхэлъ уигущыIэхэр ащ
зэрипэсыщтхэп.

### *10*

10 УмыгъэкIуат пэсэрэ гъунапкъэхэр,
ибэхэм ячIыгу уемыI,

11 ахэмэ я УхъумакIо лъэшыба,
къыппэуцуни, яIоф Ащ зэшIуихыщт.

### *11*

12 Угу ушъыим фызэIух,
гущыIэ Iушхэм ядэIу.

### *12*

13 КIалэр бгъэсэным утемыщцыныхь,
чыкIэ уеокIэ, ар лIэщтэп.

14 ЧыкIэ ащ уеомэ,
ыпсэ хьадрыхэ щыуухъумэщт.

### *13*

15 СикIал, уакъылышIомэ,
сэ сыгушIощт,

16 сыгуи гушIуагъо илъыщт,
шъыпкъэм тетэу угущыIэмэ.

## *14*

17 ПсэкIодышIэхэм уямыхъуапс,
сыд фэдэ мафи Зиусхьаным ищынагъо
угу игъэлъ,

18 джащыгъум къэсыщт мафэр нэфынэщт,
уигугъапIи кIодыщтэп.

## *15*

19 КъысэдэIу, сикIал, зыгъэакъылышIу,
гъогу зафэм утемыкI.

20 ЗызымышIэжьэу санэм ешъохэрэр,
бэшххэр кIуапIэ умышIых,

21 ешъуакIомрэ бэшхымрэ тхьамыкIэ
хъущтых,
чъыялэм джэнэжъ цунтхъагъэ
щыгъыщт.

## *16*

22 Уятэ едэIу: ащ укъыхэкIыгъ,
жъы зыхъукIи уянэ нэмыплъ емыт.

23 Шъыпкъэр щэфы;
акъылышIуагъэр, ушъыир,
зэхэшIыкIыныгъэр умыщэх.

24 Шъыпкъагъэ зиIэм ятэ гушIогъошхом хэт,
акъылышIоу къо къызыхэкIыгъэр ащ
рэгушхо.

25 Уятэрэ уянэрэ орэчэфых,
орэгушIо уянэу укъэзылъфыгъэр.

## *17*

26 СикIал, къыуасIорэр угу иубыт,
уфэчэфэу щысэ къыстех.

27 Бзылъфыгъэ хэтакIор – мэшэ кууба,
зыгорэм ишъуз – псынэ зэжъуба,

28 хъункIакIоу лъэхъу егъэуцу,
яшъузхэм афэмышъыпкъэ
хъулъфыгъэмэ ахегъахъо.

## *18*

29 Хэта тхьамыкIэгъошхом хэтыр?
Хэта щэIурэр?
Хэта нэкъуакъорэр? Хэта даорэр?
Хэта хьаолыеу уIагъэ зытелъыр?
Хэта зынэхэр плъыжьыр?

30 Санэм ешъоу бэрэ щысхэр,
хэтакъо зиIэ санэм зезыушэтхэрэр.

31 Земыгъэгъэдел санэр зэрэплъыжьым,
Iэгубжъэм ар зэрэщышIэтрэм,
псынкIэу чыим зэречъэхрэм;

32 ыужыкIэ блэу ар къызэцэкъэкIыщт,
щэджыблэу къыоожьыщт.

33 Унэхэм гъэшIэгъонхэр
къапэшIуигъэшIыщтых,
делагъэхэр къыуигъэIощтых,

34 щычъыенэу хым хэгъолъхьагъэм,
къухьэм ит пкъэум телъэу хы орхэм
зэрадзэрэм фэдэ ухъущт.

35 «СауIагъ, – пIощт, – ау сыл узыгъэп,
къысэуагъэх, ау зэхэсшIагъэп.
Сыдигъо сыкъэущыжьыщта,
сызэшъощтым джыри сылъыхъунэу?»

## ЯтIокIэнэрэ плIырэ усэр

*19*

**24** 1 ЦIыф бзаджэм уемыхъуапс,
ащ уригъусэным уфэмый,

2 ахэр жъалымыгъэм егупшысэх,
бзэджэшIагъэр ренэу зэхалъхьэ.

*20*

3 АкъылышIуагъэкIэ унэр агъэуцу,
зэхэшIыкIыныгъэкIэ ар агъэпытэ,

4 шIэныгъэмкIэ ащ ыкIоцI аушъэ,
осэшхо зиIэ мылъку дахэхэмкIэ.

*21*

5 ЦIыф акъылышIор кIочIэшху,
шIэныгъэм ащ ыкIуачIэ егъэпытэ.

6 Зао пшIыщтмэ, ушъыим едэIу,
упчIэжьэгъубэ зиIэр текIощт.

## *22*

7 Делэр акъылышIуагъэм пэчыжь,
къэлэ дэхьапIэм, цIыф зэхахьэм ащ ыжэ
къыщызэтырихыщтэп.

## *23*

8 БзэджэшIэныр изыхъухьэрэр
хьилэным фэIазэу аIощт.

9 Акъылынчъэм игухэлъыр – псэкIоды,
цIыфхэм агу кIэнэкIалэм щэкIы.

## *24*

10 ТхьамыкIэгъо уахътэм укIочIаджэмэ,
кIуачIэу уиIэр шъыпкъэ дэдэмкIэ макIэ.

## *25*

11 Лажьэ зимыIэу агъэкIодхэрэр
къэгъэнэжьых,
укIыпIэм ращалIэрэмэ IэпыIэгъу афэхъу!

12 О пIощт: «Мары, зи тэ хъурэм
хэтшIыкIыгъэп»,
ау гум илъыр Зылъэгъурэм ешIэба?
Упсэ Къэзыухъумэрэм зэкIэри ешIэба?
Шъхьадж къылэжьыгъэр Ащ
ритыжьыщт.

## *26*

13 СикIал, шхы шъоур, ар гохьы,
шэко шъоур бзэгум шIоIэшIу,
14 джащ фэд акъылышIуагъэр о пшъхьэкIэ.
Ар къэбгъотмэ, къэкIощт мафэм
уигугъапIэ кIодыщтэп.

## *27*

15 Шъыпкъагъэ зиIэм иунэрэ ищагурэ
бзэджашIэм фэдэу умыхъункIэ,
ихапIэ земыпхъу.

16 Шъыпкъагъэ зиIэр гъогогъуиблэ тефэми
къэтэджыжьыщт,
ау бзэджашIэхэр тхьамыкIагъом
ыгъэлъэпаохэмэ
зыкъаIэтыжьыщтэп.

## *28*

17 Уипый тефэмэ ущымыгушIукI,
умыгушIу ар зылъэпаокIэ.

18 Зиусхьаным ар ылъэгъумэ шIоигъуаджэ
хъуныщъ,
Ащ игубж уипый щиухъумэщт.

## *29*

19 ЦIыф бзаджэхэм лъэшэу угу ямыгъабгъ,
бзэджашIэмэ уямыхъуапс,

20 бзэджашIэм неущрэ мафэ иIэп,
бзэджэ-наджэмэ ягъэшIэ остыгъэ
кIосэщт.

## *30*

21 СикIал, Зиусхьанымрэ пачъыхьэмрэ
ашIолIыкI,
ахэм адезымыгъаштэхэрэр уцогъу
умышIых,

22 ошIэ-дэмышIэу ащ фэдэхэр кIодыпIэ
ифэщтых.
Хэта зышIэрэр Зиусхьанымрэ
пачъыхьэмрэ ахэм тхьамыкIагъоу
къафахьыщтыр?

### *АкъылышIомэ джыри къаIогъэ гущыIэхэр*

23 Мыщ къыкIэлъыкIорэ гущыIэхэри
акъылышIомэ джащ фэдэу
къаIуагъэх:
фэгъэкIуатэ зыхэлъ хьыкумыр —
дэгъоп.

24 БзэджашIэр хыеу зыIорэм –
лъэпкъхэр ебгыщтых, цIыфхэм ар
алъэгъу хъущтэп,

25 бзэджашIэхэр зыгъэпщынэхэрэм шIу
къадэхъущт,
ахэм шIу щэхъу къадэхъущтэп.

26 ГущыIэ тэрэзри
шIу плъэгъурэр пIупэ къебэугъэри
зэфэдэх.

27 Уищагу Iофхэр щыгъэцакIэхи,
уишъоф ахэр щыуххи,
етIанэ унэ шIы.

28 Зыгорэм шыхьат нэпцI уфэмыхъу:
сыда гущыIэ нэпцI къызыкIэпIощтыр?

29 УмыIо: «Ащ къысишIагъэр есшIэжьыщт,
ифэшъуашэр езгъэгъотыжьыщт».

30 Фэмыфым ишъоф сыблэкIыщтыгъ,
акъылынчъэм исэнэшъхьэ хьасэ:

31 мары, зэкIэри панэм зэлъиштагъ,
пшэсэным зэлъикIугъ,
мыжъо чэур зэхэтэкъуагъ.

32 Слъэгъугъэр, гукIэ зэзгъэфагъ,
ащ акъыл хэсхыгъ:

33 тIэкIу ушъхьаукъэн, тIэкIу учъыен,
пIэ зэтедзагъэу тIэкIурэ ущысын, –

34 джащыгъум тхьамыкIагъор къыпфэсыщт,
къулайцызыныгъэр техакIоу къыптеощт.

# Сэлмэн къыIогъэ нэмыкI гъэсэпэтхыдэхэр (я 25-рэ – 29-рэ усэхэр)

## ЯтIокIэнэрэ тфырэ усэр

**25** 1 Мары джыри Сэлмэн къыIогъэ нэмыкI
гъэсэпэтхыдэхэу
Ехъуд ипачъыхьэу Хъызкъый итхакIохэм
аугъоигъэхэр.

2 Тхьэм щытхъу фашIы иIоф
зэрэшъэфым пае,

пачъыхьэмэ ящытхъу аІо Іофыр
зэрэзэхафрэм фэшІ.

3 Уашъор зэрэлъагэу чІыгур зэрэкуум фэдэу
пачъыхьэмэ ягухэлъхэр зэхэпфынхэ
плъэкІыщтэп.

4 Тыжьыным щымыщыр къыхэхи,
тыжьынышІэм шыкъу хишІыкІыщт,

5 джэнджэшэгъу дэир пачъыхьэм
пэІапчъэ шІи,
ащ итетыгъо шъыпкъагъэм ыгъэпытэщт.

6 Пачъыхьэм ыпашъхьэ узыщымытхъужь,
цІыф лъэрыхьэхэм ачІыпІэ уимыуцу;

7 сыда пІомэ нахьышІу къыуаІомэ,
«къакІо, нахь благъэу къэуцу»,
лъэрыхьэм ыпашъхьэ
ущаушъхьакІуным нахьи.

8 УнитІукІэ зыгорэ плъэгъумэ*,
гуІэнкІэ хьыкумым уемыкІуалІ;
армырмэ сыд пшІэщт етІанэ,

* 25:8 Мы усэм иапэрэ сатыр ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым яблэнэрэ усэм иаужырэ сатырэу щыт.

зыгорэм игущыIэ пIорэр
къыриутыжьмэ?

9 Зыгорэм уедаомэ,
а цIыфым ишъэф ышъхьэ къимых,

10 армырмэ укъызэхэзыхрэм уигъэмысэщт,
джащыгъум пцIи къыраIухыщт.

11 Тыжьын тхыпхъэкIэ гъэдэхэгъэ апсым илъ
дышъэ мыIэрысэхэм афэд
игъом къэIогъэ гущыIэхэр.

12 Ушъыеу акъылышIуагъэ зыхэлъыр сакъэу
дэIорэ цIыфымкIэ
дышъэ тхьакIумалъэмрэ дышъэ къабзэм
хэшIыкIыгъэ бгъэрышIэмрэ афэд.

13 Шъыпкъагъэ зыхэлъ лIыкIор
зыIофтагъэмкIэ,
лэжьыгъэ Iухыжьыгъом узгъэучъыIэтэрэ
псы чъыIэм фэд,
ыпсэ къыпегъэкIэжьы.

14 Ошъуапщэу, жьыбгъэу ощх
къэзымыхьрэмэ афэд
шIухьафтын аритынэу зыгъэгугъэхэу
язымытыжьрэ цIыфыр.

15 ЩэIэгъэшхо зыхэлъым тетыгъо зиIэм
ишIошI зэблырегъэхъу,
гущыIэ шъабэм пэрохъур зэхегъэтакъо.

16 Шъоу бгъотыгъэмэ – бащэ умышхы,
армырмэ угу щыкIыщт, укъыгъэжыщт.

17 УинэIуасэм ыдэжь умыкIо зэпыт,
армырмэ ар къыозэщыщт, уилъэгъу
хъужьыщтэп.

18 Къыппэблагъэм шыхьат нэпцI фэхъурэр
уатэм, къамэм, щэ папцIэм афэд.

19 Мэфэ къиным цIыф нэпцIым
узэрэщыгугърэр
цэу кIодрэм, пытэу щымыт
лъакъом афэд.

20 Мэфэ чъыIэм щыгъыныр зыщызытхърэм,
уIагъэм хэфэпсыр* тезыкIэрэм афэд
гукъао зиIэм орэд къыфэпIоныр.

21 Уипый мэлакIэ малIэмэ – гъашхэ,
псыфалIэ малIэмэ – егъашъу;

* 25:20 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым «сода, тэджэпс».

22 джаущтэу узекIомэ, ащ ышъхьэ жъокум
пэощыхьэшъ,
Зиусхьаным уишIушIагъэ ипэгъокI
къыуитыжьыщт.

23 Темыр жьыбгъэм ощхыр къызыдехьы,
бзэгухьэм нэплъэгъу дыджыр къелэжьы.

24 Унэшъхьэ къуапэм ущыпсэуми нахьышIу,
шъуз цIэцIалэм зы унэм удисыным нахьи.

25 Хэгъэгу чыжьэ къикIыгъэ къэбарышIур
чый укъэпыгъэм ечъэхрэ псы чъыI.

26 Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфэу бзэджашIэр
ышIэзэ къызтезгъакIорэр афэд
агъэутхъогъэ псынэкIэчъымрэ
зэщыкъогъэ псыкъэкIуапIэмрэ.

27 Шъоу бащэ пшхымэ дэгъоп,
джащ фэд щытхъу лыем улъыхъунри*.

28 Къэлэ зэхэкъутагъэу къэзгъэгъунэрэ дэпкъ
зимыIэжьым фэд
цIыфэу зызыфэмыIажэрэр.

* 25:27 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

## ЯтIокIэнэрэ хырэ усэр

**26** 1 Гъэмафэм къесыгъэ ос, лэжьыгъэ
Iухыжьыгъом къещхыгъэ ощх
делэмкIэ щытхъур.

2 Бзыур зэрэбыбатэу пцIашхъор зэрэбыбэу
хыеми бгыбзэр тефэрэп.

3 Къамыщыр – шым, шхоIур – щыдым,
акъылынчъэхэм бэщыр акIыб
къыщэшъо.

4 Делэм упэмыделэжь,
ащ фэдэ ори умыхъуным пае.

5 Делэм иделагъэ зыдегъэшIэжь,
Iушэу зыкъыщымыхъужьыным пае.

6 Делэр мэкъэгъэIу зышIрэм
шъхьакIо ешхы.

7 Лъащэм ылъакъохэм кIуачIэ
зэрахэмылъым фэд
гъэсэпэтхыдэу делэм къыIорэр.

8 Мыжъоу пращым далъхьагъэм фэд
делэм щытхъоу фагъэшъуашэрэр.

9 Ешъуагъэу удпанэр зыIыгъым фэд
гъэсэпэтхыдэу делэм къыIорэр.

10 ЗэкIэри зыуIэрэ щэрыом фэд
делэр е хэтми ыпэ къифэрэр Iофым
Iузыгъахьэрэр.

11 Хьэм къыжырэр зэришхыжьрэм фэд
делэм иделагъэ
къызэрэкIиIотыкIыжьрэр.

12 Плъэгъугъэба акъылышIоу зызылъытэжьрэ
цIыф?
Ащ нахьи делэм нахь щыгугъ.

13 Мыпсэу-мылажьэм еIо:
«Урамым аслъаныр тес!
Утыгум аслъаныр ис!»

14 Пчъэр хьалкъым щэчэрэгъумэ –
шъхьахынэр – пIэкIорыгум.

15 Фэмыфым ыIэ лагъэм релъхьэ,
ау мэпшъышъ, ыжэ фихьыжьышъурэп.

16 Нэбгыриблэу джэуап тэрэз
къэзытрэм анахьи,
нахь Iушэу зелъытэжьы
мыпсэу-мылажьэм.

17 Хьэм ытхьакIумакIэ къэзыукъудыйрэм
фэд,
зэнэкъокъухэрэм иIоф ахэмылъэу
ахахьэрэр.

18 Иакъыл фимытыжьэу зыкъэзыгъэлъагъоу
машIор зыдзырэм,
щэбзащэр зытIупщырэм,
хьадэгъур къэзыхьрэм,

19 ышIэзэ къыпэблагъэр зыгъапцIи
«Сыосэмэркъэугъ!» зыIожьыгъэр фэд.

20 Пхъэ зыпамылъхьэрэ машIор мэкIуасэ,
бзэгухьэ къызыхэмыхьэрэ зэнэкъокъур
мэплъыкъожьы.

21 Тэпым фабэр къыпэкIы, пхъэм – машIор,
джащ фэд: цIыф цIэцIалэм
зэмызэгъынычгъэр зэкIегъаблэ.

22 Бзэгухьэм игущыIэхэр шхын
IэшIум фэдэх,
цIыфым ыныбэчIэ шъыпкъэ ехьэх.

23 Тыжьын къызэгъэтIылъэкIыгъэ етIэ
шыкъум фэд
зигущыIэ шъооу* зыгу бзэджагъэ илъыр.

24 Узылъэгъу мыхъурэм дахэу зыкъыпфешIы,
ау ыгу илъыр хьилагъ.

25 Гохьэу къэгущыIэми цыхьэ фэмышI
ыгу бзэджэгъибл илъышъ,

26 джэгъогъуныгъэр зыщизакъом еушъэфми,
цIыф зэхахьэм ибзэджагъэ
къыщынэфэщт.

27 Зыгорэм машэ фэзытIрэр ащ ефэжьы,
мыжъор ыдзынэу зыгъэкощрэм ар
къытефэжьы.

28 ПцIыусыгъэкIэ цIыф зыгъэкIодрэм
екIодылIэрэр ылъэгъу хъурэп,
бзэгухьэм узэлъэпэощтыр егъэхьазыры.

* 26:23 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым «стыры» итхагъ.

**ЯтIокIэнэрэ блырэ усэр**

**27** 1 Неущырэ мафэм урымыкъэй,
ащ къыпфихьыщтыр пшIэрэпышъ.

2 Узыщымытхъужьэу нэмыкIыр
къыпщэрэтхъу,
орэп – зыгорэм уищытхъу ерэIу.

3 Мыжъор онтэгъу, пшахъори хьылъэ,
ау итIум анахь хьылъэжь делэм
изекIокIэ-гъэпсыкIэ.

4 Зышъэ икIыгъэр жъалым, губжыр
IэжэгъошIоп,
ау хэта гуцэфэшIыным пэуцушъущтыр?

5 Шъхьэихыгъэ гыер нахьышIу
шIулъэгъу шъэфым нахьи.

6 ШIу узылъэгъурэм угу хегъэкIми
хьарамыгъэ ыгу къыпфилъэп,

узылъэгъу мыхъурэм къыобэузэ
уегъапцIэ*.

7 ГъэшхэкIыгъэм шэко шъоур еулъэгу,
мэлакIэ лIэрэмкIэ дыджри IэшIу.

8 Бзыоу зинабгъо ибыбыкIыгъэм фэд
ихэкужъ къэзыбгынэгъэ цIыфыр.

9 Тхъу цIынэмрэ мэ IэшIумрэ гур къыдащае,
ау ныбджэгъум иушъый ахэм анахь
гохьыжь**.

10 Уиныбджэгъуи уятэ иныбджэгъуи
умыбгынэх,
тхьамыкIэгъо мафэм пшы иунэ умыкIу,
гъунэгъу благъэр нахьышIу, Iахьыл
чыжьэм нахьи.

11 СикIал, акъылышIоу щыт, сыгу
къыдэщай,
джащыгъум симыхьакъ зыIорэм
есIощтыр сшIэщт.

* 27:6 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым «бащэ» итхагъ.

** 27:9 Сатырым мыщ фэдэ мэхьанэ иIэн ылъэкIыщт, ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым къикIрэр гурыIогъуае.

12 ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэм щынагъор
елъэгъушъ, зегъэбылъы,
мыдаIохэм апэ рагъэхъушъ, мэпщынэх.

13 Хымэ цIыфым шэс фэхъурэм иджанэ
къыIыпхын фае,
къыIыхи ар Iыгъ, хымэм* шэс
зэрэфэхъугъэм пае.

14 Пчэдыжьрэ жьэу гъунэгъум куозэ
сэлам езыхрэр
ащ ебгэу алъытэщт.

15 ПсыгъоткIо зэпымыу тео макъэмрэ
шъуз цIэцIалэмрэ зэфэдэх,

16 ар зэтезыIэжэнэу фаер жьыбгъэм пэуцу,
е дагъэр IэмычIэм чIиубытэ шIоигъу**.

17 ГъучIым гъучIыр егъэчаны,
зы цIыфым адрэм иакъыл хегъахъо.

18 Шхынцумпэ чъыгым дэлажьэрэм
къыпыкIэрэр ышхыщт,

* 27:13 Ижъырэ джуртыбзэм мы чIыпIэм «хымэ бзылъфыгъ».
** 27:16 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

изиусхьан къэзыгъэгъунэрэм
лъытэныгъэ фашIыщт.

19 Псым хаплъэрэм ынэгу къызэрищэу,
игупшысакIэ цIыфыр зыфэдэр
къегъэлъагъо.

20 Хьадрыхэрэ чIычIэгъ шIункIымрэ
загъэшхэкIрэп,
джащ фэдэу цIыфым ынэхэми
загъэплъэкIрэп.

21 Тыжьынымрэ дышъэмрэ зыщагъэткIурэ
хьакум зэрэщагъэкъабзэхэу,
цIыфыр щытхъукIэ аушэты.

22 Коцым хэлъэу делэр гурхъум щыбгугъэми,
иделагъэ къыкIэрызыщтэп.

23 Уимэл – пчэнхэм дэгъоу алъыплъ,
уиIэхъогъухэм унаIэ атегъэт,

24 сыда пIомэ мылъкур егъашIэрэп,
лIэуж зэкIэлъыкIоу тетыгъор
аIыгъырэп ныIа?

25 Уцыр заупкIэкIэ уцыкIэр къыхэкIыжьы,
къушъхьэ лъапэм мэкъур щыуугъоймэ,

26 мэлыцыр щыгъын пфэхъущт,
пчэнхэм акIэпхыгъэ уасэм губгъо
рыпщэфын плъэкIыщт,

27 пчэн гъэщыр къыолыекIэу уиIэщт.
Джащыгъум ори, уиунагъуи, уиунэIут
бзылъфыгъэхэми
гъомлапхъэ шъущыкIэщтэп.

## ЯтIокIэнэрэ ирэ усэр

**28** 1 ЦIыф бзаджэр мачъэ, зыпари
къылъымычъэми,
шъыпкъагъэ зиIэр аслъан ныбжьыкIэм
фэд, щынэ ышIэрэп.

2 Къэралыгъом щыбырсырмэ,
пащэхэр бэ мэхъух,
зэхэшIыкIрэ шIэныгъэрэ зиIэ пащэм ар
къызэтыригъэуцощт.

3 Ежь тхьамыкIэу цIыф тхьамыкIэхэр
езыгъэзрэр

ощхышхоу лэжьыгъэр
зыгъэкIодрэм фэд.

4 Тхьэм ихабзэ бгъодэкIхэрэр цIыф
бзаджэхэм ащэтхъух,
ау хабзэр зыгъэцакIэхэрэр ахэм ябэных.

5 ЦIыф бзаджэхэм зэфагъэр ашIэрэп,
ау Зиусхьаным шъхьащэ фэзышIхэрэм
зэрэщытэу зэфагъэр къагурэIо.

6 Зыгу къабзэу гъогу занкIэ тет тхьамыкIэр
нахьышIу,
пцIы зыусрэ баим нахьи.

7 ЗэхэшIыкI зиIэ къом Тхьэм ихабзэ
еухъумэ,
ау гъогу къуанщэ рыкIохэрэм ягъусэм
ятэ шъхьакIо къыфехьы.

8 ЧIыфэу ытыгъэр Iахь тедзэ иIэу
къаIызыхыжьызэ зимылъку
хахъо фэзышIрэм
тхьамыкIэхэм гукIэгъу афэзышIрэм
боу феугъои.

9 Тхьэм ихабзэ едэIунэу фэмыем
итхьалъэIуи гущыкIыгъу.

10 Зэфагъэ зыхэлъхэр ем игъогу тезыщэрэр
машэу ытIыгъэм ифэжьыщт,
зыгу къабзэхэм яшIугъэ Iахьэ
агъотыжьыщт.

11 ЦIыф баим акъылышIоу зелъытэжьы,
ау тхьамыкIэу зэхэшIыкI зиIэм ащ
ишэн къешIэ.

12 Шъыпкъагъэ зиIэхэм ятетыгъомэ –
зэкIэми ягушIогъошху,
цIыф бзаджэхэм зыкъаIэтмэ – цIыфхэм
загъэбылъыжьы.

13 ЗипсэкIодышIагъэ чIэзыухъумэхэрэм шIу
къадэхъурэп,
ау зыдэзышIэжьэу ащ еуцолIэжьырэм
Тхьэм гукIэгъу къыфишIыщт.

14 Сыхьатмафэ ежьагъ Зиусхьаным
ищынагъо зыгу илъыр,
ау зыгу зэшIодзагъэр тхьамыкIагъо
хэфэщт.

15 Аслъаным игъог макъэрэ мышъэу
шакIорэмрэ
афэд тетыгъо зиIэ бзаджэр цIыф
тхьамыкIэхэмкIэ.

16 ЗэхэшIыкI зимыIэ Iэшъхьэтетым
ицIыфхэр лъэшэу егъэчырэх,
къолъхьэштэныр зылъэгъу мыхъурэм
игъашIэ кIыхьэ хъущт.

17 ЦIыфылъыр зэригъэчъагъэм рымысэр
чIычIэгъ шIункIым ечъэ:
зыми ар къерэмыгъэуцу.

18 Зыгу къабзэу щыIэр щынэгъончъэу
псэущт,
ау лъэгъо IонтIэ-щантIэм рыкIорэр
ошIэ-дэмышIэу тефэщт.

19 ИчIыгу Iахьэ зылэжьрэр гъомлапхъэ
щыкIэщтэп,
федэ къэзымыхьрэ Iофхэм ауж итыр
тхьамыкIагъом хэкIыщтэп.

20 Фэшъыпкъэныгъэ зыхэлъ цIыфым шIу
щэхъу къыдэхъущтэп,
ау псынкIэу бай хъунэу фаем пщыныжь
ыхьыщт.

21 ФэгъэкIотэныгъэ зыхэлъыр – дэгъоп,
хьалыгъу Iулъхьэм пае къахэкIы
бзэджагъэ зезыхьан.

22 ЦIыф хьэрамыр псынкIэу бай хъунэу фай,
ащ ышIэрэп тхьамыкIагъор
къызэрэкIэхьащтыр.

23 ЦIыфым егыйи ыужкIэ ынэшIу
къыпщифэщт,
ар щытхъу нэпцIым нахьышIу.

24 Ятэрэ янэрэ ятыгъожьэу:
«ар псэкIодышIагъэп» зыIорэр,
укIакIом нахьышIоп.

25 Нэе-псыем зэнэкъокъур зэкIегъаблэ,
Зиусхьаным цыхьэ фэзышIрэм
нэхъой иIэщт.

26 Ежь-ежьырэу зыщыгугъужьрэр делэ,
акъылышIуагъэм рыгъуазээ псэурэр
къэнэжьыщт.

27 ТхьамыкIэм етэрэр тхьамыкIэ хъурэп,
ащ зынэ езымыгъэплърэм бэрэ ебгых.

28 ЦIыф бзаджэхэм зыщятетыгъом –
цIыфхэм загъэбылъыжьы,
ау ахэр кIодхэмэ шъыпкъагъэ
зиIэхэр мэбагъох.

## ЯтIокIэнэрэ бгъурэ усэр

29 1 Гые зэхихмэ мыдаIоу, къаигъэу
зызэшIозыдзэрэ цIыфым
Iэзэгъу ыгъотыщтэп, ошIэ-дэмышIэу
зэхэтэкъощт.

2 Шъыпкъагъэ зиIэхэм ятетыгъомэ –
цIыфхэр мэгушIох,
цIыф бзаджэхэм тетыгъо аIыгъмэ,
цIыфхэр мэпыхьэх.

3 АкъылышIуагъэр шIу зылъэгъурэм ятэ
егъэгушIо,
бзылъфыгъэ хэтакIор пыщэгъу
зышIырэм имылъку ретэкъухьэ.

4 ЗэфагъэмкIэ пачъыхьэм къэралыгъор
егъэпытэ,
къолъхьэштэныр зикIасэм ар зэрепхъо.

5 Зиныбджэгъу фэзыIорэм щытхъу нэпцI

ащ ылъакъо* лъахъэ фегъэтIылъы.

6 БзэджашIэм ипсэкIодышIагъэ ежьыркIэ
лъахъэ,
ау шъыпкъагъэ зиIэр ымакъэ Iоу
мэгушIо.

7 Шъыпкъагъэ зиIэм тхьамыкIэхэм
яфитныгъэ къегъэгъунэ,
ау цIыф бзаджэм ащ зыригъэгъапэрэп.

8 ЦIыф кIэнэкIалэмэ къалэр
къагъэбырысыры,
ау акъылышIохэм губжыр агъэрэхьаты.

9 АкъылышIор делэм хьыкумкIэ
зыпэуцужькIэ,
мэгубжыми мэщхыми – рэхьатыгъо
ыгъотрэп.

10 Лъыгъэчъэным фэкъаигъэхэм зыгу
къабзэр афэлъэгъурэп,
ау зэфагъэ зыхэлъхэм ащ ыпсэ
къагъэгъунэ.

11 Делэм игубж къыретэкъухьэ,

* 29:5 Е «ежь ылъакъо».

акъылышIом щыIэгъэшхо хэлъышъ
зызэтыреIажэ.

12 Тетыгъо зиIэр пцIыусхэм ядэIумэ,
ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэр зэкIэ
бзэджашIэ хъущтых.

13 ТхьамыкIэмрэ гъэпщылIакIомрэ
зэфэзгъадэхэрэр
анэхэр Зиусхьаным
къызэригъаплъэхэрэр ары.

14 Пачъыхьэм тхьамыкIэмэ яIоф
шъыпкъагъэ хэлъэу зэхефмэ,
итетыгъо егъэшIэрэу ыгъэпытэщт.

15 Бэщымрэ гыемрэ кIалэм акъылышIуагъэ
халъхьэ,
ау амыгъэсагъэм янэ емыкIу къыфехьы.

16 ЦIыф бзаджэхэр бэ хъумэ,
псэкIодышIагъэхэм ахэхъо,
ау ахэр зэрэкIодхэрэр шъыпкъагъэ
зиIэхэм алъэгъущт.

17 УикIалэ еушъыйи, ащ
уфэгумэкIыжьыщтэп,
уигъэгушIощт.

18 Тхьэм игущыIэ ахэмылъмэ цIыфхэр зыми
къыубытхэрэп,
ау Тхьэм ихабзэ зыгъэцакIэхэрэр
сыхьатмафэ ежьэх.

19 ГущыIэкIэ пщылIыр бгъэсэн
плъэкIыщтэп,
ахэр гурэIохэми, дэIощтэп.

20 Плъэгъугъэба о цIыфэу зигущыIэ
фэмысакърэр?
Ащ нахьи делэм нахь узэрэщыгугъун
горэ хэлъ.

21 ПщылIыр цIыкIузэ зыбгъэсэхъуджэкIэ,
ыужыкIэ гумэкIыгъо ухидзэщт*.

22 Губжыпхэм зэнэкъокъур зэкIегъаблэ,
шэнычъэм псэкIодыбэ егъахъэ.

23 Пэгэным цIыфыр егъэпыуты,
зыгукIэ шъырытым ищытхъу аIо.

24 ТыгъуакIом дэгуащэрэм зегъэкIодыжьы,

* 29:21 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

хьыкумым тхьэлъанэ къыщишIми,
шъыпкъэр еушъэфы.

25 ЦIыфмэ уащыщынэныр – тхьамыкIагъу,
Зиусхьаным цыхьэ фэзышIрэр –
щынэгъончъэщт.

26 Тетыгъо зиIэм ынэшIу нахьыбэр
кIэхъопсы,
ау зэфагъэр Зиусхьан закъом
къыпкъырэкIы.

27 Шъыпкъагъэ зиIэхэм ягущыкIыгъор –
цIыф бзадж,
бзэджашIэм игущыкIыгъор – цIыф заф.

# Ушъый тегъахъохэр
## (я 30-рэ – я 31-рэ усэхэр)

### ЯщэкIэнэрэ усэр

**30** 1 Якъэ ыкъо Агур ыгу къылъыIэсыгъэ
гущыIэхэр*.
Мары а лIым Итиел риIуагъэр, Итиелрэ
Ухалрэ ариIуагъэхэр**:

2 – Шъыпкъэ, сэ адрэ цIыфхэм анахьи
сынахь мыкъ-мыдж,
цIыф зэхэшIыкIыныгъи сиIэп.

3 АкъылышIуагъэм сэ зыфэзгъэсагъэп,
Тхьэ ЛъапIэм хэшIыкI фысиIэп.

---

* 30:1 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «Якъэ ыкъо Агур, Масэ щыщ».

** 30:1 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

4 Хэта уашъом дэкIуайи къехыжьыгъэр?
Хэта IэкIэ жьыбгъэр къэзыубытыгъэр?
Хэта псыр щыгъыным
кIоцIызыубытагъэр?
Хэта зэкIэ чIы гъунапкъэхэр
зыгъэуцугъэхэр?
Сыда ащ ыцIэр? Сыда ащ ыкъо ыцIэр?
Ар ошIэшъ ара, о!

5 Тхьэм исыд фэдэ гущыIи цыхьэшIэгъу,
Ащ дэжь шъхьэегъэзыпIэ
щылъыхъухэрэм Ар
чэтэпэIудзэ афэхъу.

6 Хэгъахъо фэмышI Ащ игущыIэ,
укъычIимыгъэщыным, пцIыус
умыхъуным пае.

7 ПкъыгъуитIукIэ сэ О сыкъыолъэIу
сыщэIэфэ къысфэпшIэнэу:

8 гущыIэ нэкIымрэ пцIымрэ
апэчыжьэ сышI,
баигъи тхьамыкIагъи къысэмыт,
сищыкIагъэм фэдиз гъомлапхъэ
сэгъэгъот.

9 ЗызгъэшхэкIэу О IэкIыб усымышIыным:

«Хэт Зиусхьаныр?» сымыIоным пае,
е тхьамыкIэ сыхъоу, сытыгъоу
Тхьэм ыцIэ сымыгъэпыутыным пае.

10 ИIумэт зиусхьаным фэмыуб,
ибгыбзэ къыптемыфэным, уимысагъэ
къыплъымыIэсыжьыным пае.

11 ЩыI цIыф – ятэ ебгыжьэу,
янэ шIу фимыIоу.

12 ЩыI цIыф – ежь зышIокъэбзэжьэу,
ау шIоеу пылъыр пымытхьакIыкIыгъэу.

13 ЩыI цIыф – ащ иплъакIэ зэрэпагэр,
нэмыплъ къызэрэуитрэр!

14 ЩыI цIыф – ыцэхэр – чатэу,
ыжэпкъ – шъэжъыеу,
тхьамыкIэу чIыгум тетхэмрэ
амалынчъэу цIыфхэм ахэтхэмрэ
зэхишхыхьанэу.

15 Дыом пхъуитIу иI:
«Къаштэ, къаштэ!» – аIоу, куохэу.

Мары щэу зызымыгъэшхэкIрэр,
яплIэнэрэу къэзымыIохэщтыр: «икъущт».

16 Хьадрыхэр, сабый зыхэмыкIрэ
бзылъфыгъэр,
чIыгоу псыкIэ зызымыгъэшъокIрэр,
машIоу зымыIорэр: «икъущт!»

17 Тым кIэнакIэрэмрэ
ным нэмыплъ езытырэмрэ
шъофым ис къолэжъхэм ауIужьыщтых,
бгъэжъ щырхэм ашхыжьыщтых.

18 Пкъыгъуищ сэркIэ гъэшIэгъон дэдэр,
плIыр къызгурыIуахэрэп:

19 бгъэжъыр ошъогум зэрэщыхьарзэрэр,
блэр къушъхьэ цакIэм зэрэщызепшэрэр,
къухьэр хым зэрэщесрэр,
хъулъфыгъэр бзылъфыгъэм
зэрэфакIорэр.

20 Бзылъфыгъэ хэтакIом изекIуакIэ мыщ фэд:
зигъэшхэкIыгъэу ыIупэ ылъэкIыжьыгъ,
еIо: «Сэ зыпари мыхъун сшIагъэп».

21 Щым чIыгур агъэсысы,
яплIэнэрэр ащ фэщыIахэрэп.

22 ПщылIэу пщы хъугъэр,
делэу зыфаер зэзыгъотылIэжьырэр,

23 алъэгъу мыхъурэ бзылъфыгъэр, ар
зыдакIокIэ,
унэIут бзылъфыгъэр гуащэм ичIыпIэ
зитIысхьэкIэ.

24 Мары цIыкIужъыеу чIыгум тетиплIыр,
ау ахэр акъылышIомэ анахь
акъылышIожьых:

25 къамзэгухэр – мыкIочIэшхохэми,
ашхыщтыр гъэмафэм аугъои;

26 даманхэр* – мыкIочIэшхохэми,
къушъхьэ цакIэм яунэхэр тырагъэуцох;

27 мацIэм пщы имыIэми,
зыпкъэу мэзекIо;

28 хьамплъыжьыр IэкIэ къэуубытын
плъэкIыщтми,
пачъыхьэм иунэ ехьэ.

29 Мары щыр пагэу мэуцу,
плIыр зыплъэгъукIэ, гум икIыжьрэп:

* 30:26 ТхьакIумкIыхьэм фэдиз зиинагъэ гъошхэрэ псэушъхь, ТыгъэкъокIыпIэ Благъэм ит къушъхьэхэм ащэпсэу, къушъхьэ зандэм дэкIоен елъэкIы.

30 аслъаныр псэушъхьэмэ анахь лъэш,
игъогу щыфыдэхыщтэп зыми;

31 атэкъэ пагэмрэ ачъэмрэ,
дзэр зезыщэрэ пачъыхьэмрэ*;

32 Уиделагъэ къыхэкIэу зыбгъэпэгагъэмэ,
бзэджагъэ пшIэнэу угу хэлъмэ,
ужэ убыт;

33 армырмэ щэм уеомэ тхъу зэрэхъоу,
пэфаом лъыр пэм къызэрэрифэу,
губжым зэмызэгъыныгъэр
зэкIигъэблэщт.

* 30:31 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп.

## ЯщэкIэнэрэ зырэ усэр

**31** 1 Пачъыхьэу Лэмуел ыгу къылъыIэсыгъэ
гущыIэхэу*,
ушъыйхэу ащ янэ къыриIощтыгъэхэр.

2 Сыд осIон, сикIал? Сыд осIон, сикIалэу,
сыныбэ кIоцI къикIыгъэр?
Сыд, сикIалэу, ситхьалъэIухэм**
яджэуапыр?

3 Бзылъфыгъэхэм уикIуачIэ атемыух,
пачъыхьэхэр зэкIодылIэхэрэм
уищыIэныгъэ атемыгъэкIуад.

4 Пачъыхьэхэр арэп, Лэмуел,
пачъыхьэхэр арэп санэм ешъощтхэр,
тетыгъо зиIэхэр арэп шъуатэм ешъонэу
щытхэр,

---

* 31:1 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «Масэ щыщ пачъыхьэу Лэмуел».

** 31:2 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым хэтыр «тхьэлъанэ».

5 зэрешъуагъэхэм къыхэкIэу хьыкум
шъыпкъагъэр ащымыгъупшэным,
тхьамыкIэхэм яфитныгъэхэр
амыукъонхэм пае.

6 Шъуатэр кIодыпIэм итым ет,
санэр – зыгу къин телъым.

7 Ерэшъори итхьамыкIагъэ щэрэгъупш,
къинэу ылъэгъурэр джащ нахьэу ыгу
къэрэмыкIыжь.

8 КъэгущыIэн зымылъэкIыхэрэм ачIыпIэ
о къэгущыI,
зыщыгугъын зимыIэхэм яфитныгъэхэр
о къаIо.

9 КъэгущыI, хьыкум шъыпкъэ шIы,
тхьамыкIэхэмрэ егъэзыгъэхэмрэ
о афэIорышI.

### *Шъуз дэгъум ищытхъу*

10 ШъузышIур тыдэ къыипхын?
Ар налмэс-налкъутэхэм анахь лъапI.

11 ЛIым цыхьэ пытэ ащ фешIышъ,
федэ имыIэу къэнэщтэп.

12 ШIукIэ лIым етэ, иягъэ екIрэп,
къыгъэшIэщт мафэхэм къакIоцI.

13 Цымрэ чэтэнымрэ зэрегъэгъотых,
ыгу етыгъэу ыIитIукIэ Iоф ешIэ.

14 СатыушIэ къухьэм фэдэу
гъомлапхъэр тыдэ щыIэми къырехьылIэ.

15 Нэф къэмышъызэ ар къэтэджыжьы,
унагъом исхэм афэпщэрыхьэ,
унэIут бзылъфыгъэмэ ашIэщтыр ареIо.

16 Егупшысэшъ губгъор къещэфы,
Iофэу ышIагъэм къыкIэкIуагъэмкIэ
сэнэшъхьэ хьасэ егъэтIысы.

17 Чанэу Iофым фежьэ,
ыIитIу мыпшъыжьэу егъэлажьэ.

18 Iофэу ышIэрэм федэ къызэрихьырэм
гу лъетэ,
чэщми иостыгъэ ыгъэкIуасэрэп.

19 ХъэцыкоефэкIыр къештэ,
ыIапэхэмкIэ хъэцыкор егъэчэрэгъу.

20 ТхьамыкIэхэм IэпыIэгъу афэхъу,

егъэзыгъэхэм гукIэгъу афешIы.

21 Ащ иунагъо осым щыщынэрэп,
иунэ исхэм щыгъын фабэхэр ащыгъых.

22 Техъохэр ешIых,
ищыгъынхэр чэтэн пIокIэ
шхъонтIашъомэ ахэшIыкIыгъ.

23 ЦIыф зэхахьэм ащ илI шъхьэкIафэ
къыщыфашIы,
хэгъэгум инахьыжъхэм ар ахэс.

24 ШъузышIум чэтэн щыгъынхэр
ешIыхэшъ ещэ,
ышъэгъэ бгырыпххэр сатыушIхэм
аIэкIегъахьэ.

25 ЛъэкIымрэ щытхъумрэ ащ ишъуаш,
неущрэ мафэм фэчэфэу ежэ.

26 АкъылышIоу къэгущыIэ,
гукIэгъу зыхэлъ ушъыир ыбзэгу телъ.

27 Унэгъо Iофхэм ынаIэ атет,
пкIэнчъэу хьалыгъу ышхрэп.

28 Исабыйхэм зэфэдэу шъхьэкIафэ
къыфашIы,
илIи къыщэтхъу:

29 «ШъузышIоу бэ щыIэр,
ау ахэм о уяшIокIы».

30 Гохьыр гъэпцIалъ, дэхагъэр мэкIодыжьы,
ау шъузэу Зиусхьаным ищынагъо зыгу
илъым щытхъур къелэжьы.

31 Къылэжьыгъэ лъытэныгъэр ащ фэшъушI,
ишIугъэ пстэумэ апае цIыф зэхахьэми
ащ ищытхъу щышъуIу.

## ГущыIалъ

**Архъонэ-хъоушху (3:20)** – псыр лъэшэу зыщычъэрэ, зычыщэрэзрэ чIыпIэ куу.

**Бэлэрэгъ (1:32)** – гугъуемылI, фетэу езыт.

**Дэкъац (5:22)** – пкъыгъор зыдафызэрэ Iэмэ-псым.

**Зинэ (6:19, 32)** – лIы-шъуз Iофк Iэ уимышъхьэгъусэ удэпсэуныр.

**Зиусхьаныр (1:7; 2:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – адыгэ гущыIэу «Зиусхьан»-ым имэхьанэ джурт гущыIэу «Яхве» зыфиIорэм къикIырэр къеты. ГущыIэу «Яхве» зыфиIорэмкIэ Тхьэм ыцIэ къыраIо, ащ мэхьанэу къикIрэм ащыщ «егъашIэм щыIэ зэпытыр».

**Къонтхъ (1:13; 16:19)** – пыеу е хэтми цIыфэу аукIыгъэм, зэтыгъуагъэхэм къатырахыгъэ, къапахыгъэ былымыр, мылъкур.

**Къыпэблагъэр (16:29)** – Iахьылыр, гъунэгъур, шъэогъур.

**КIэсэн (9:1)** – дэкIояпIэм, е пэIулъашъом кIагъэуцощтыгъэ пкъэухэм яз.

**Мамыр (зэгурыIоныгъэ) къурмэныл (7:14) (Мосэ иящэнэрэ тхылъ 7:11-38)** – цIыфым ежь фаеу ышIырэ къурмэныр. Къурмэн ашIыгъэм ишэхэмрэ ыкIоцI къырахыгъэхэмрэ

къурмэнгъэстым игъусэу Тхьэм фагъэшъуашэхэти, зэрэщытэу къурмэншIыпIэм щагъэстыщтыгъэх. Къурмэнылым щыщ Iахь Тхьэм фагъэшъуашэщтыгъэ, адрэр къурмэн зышIырэмрэ цIыфхэмрэ зэдашхыщтыгъэ.

**Ныбгъэшъу (15:17)** – илъэс зыныбжь шкIэхъу.

**Нэгъуаджэ (2:4)** – тыгъугъэ, ушъэфыгъэ, гъэбылъыгъэ.

**Пщалъэ (20:10)** – щалъэу е нэмыкIэу пкъыгъо пхъапхъэхэр зэрапщрэр ары.

**Тандж (14:24; 12:4; 16:31; 4:9)** – цIыфым лъытэныгъэ зэрэфашIырэр къэзгъэлъагъорэ, ащ шыхьат фэхъурэ паIу.

**Тахътэ (20:8)** – пачъыхьэр зытес пхъэнтIэкIу лъаг.

**Утыгу (1:20; 5:16; 7:12; 26:13)** – къалэм е чылэм ыгузэгу ит чIыпIэ нэкI ин.

**Фыхэхыгъэ чIыгур (2:21)** – Джурт къэралыгъом къыхиубытэрэ чIыгур.

**Хьалкъ (26:14)** – нахьыпэм чэщым пчъэр агъэпытэжьы зыхъукIэ дадзэу фашIыщтыгъэ пкъыгъу.

**Хьакъ (10:18; 27:11)** – цIыфым ышIэнэу, ыгъэцэкIэнэу тефэрэр.

**Хъурджан (11:22)** – пшъэхъунэу зэпышIагъэхэм ащыщ; гъучIым хэшIыкIыгъэу ыгузэгукIэ гъуанэ иIэу щыт.

**ХъэцыкоефэкI (31:19)** – цыр зэраджырэ Iэмэ-псым.

**Чарэ (11:26)** – федэ.

**ЧэтэпэIудз (2:7)** – зэкIэрытэу зэзаохэ зыхъукIэ чэтэ огъур къатемыфэнэу зыкъырагъэгъунэщтыгъэ, чатэм пэIуадзэрэ пхъэ пытэм е гъучIым хэшIыкIыгъэ пкъыгъу.
**Шъуатэ (20:1; 31:4, 6)** – макIэу узгъэутэшъорэ шъон
**Шэко шъоу (16:24; 24:13; 27:7)** – шако зыхэлъ шъоу.
**Щэджыбл (23:32)** – щэнаут ин зыхэлъ блэон.
**Шэс (6:1; 11:15; 17:18; 20:16; 22:26; 24:31; 27:13)** – зыгорэм иIуагъэ зэригъэцэкIэжьыщтымкIэ телъхьэ уфэхъуныр.
**Iумэт (14:35; 30:10)** – мы тхылъым пачъыхьэм е пщым иIофтабг.

## Гупшысэ зэфэшъхьафхэр къызхэфэрэ усэу мы тхылъым дэтхэр

### [шысэ – шъхьэхэмрэ усэхэмрэ, 1:2 – шъэхьэр 1, усэр 2]

**АкъылышІуагъ** – 1:2, 7, 20; 2:2, 6, 10; 3:12-15; 4:5-19; 8:1, 11-12; 9:11; 10:13; 13:10; 16:16; 17:24

**Бзэгухьаныр** – 6:12-19; 10:18; 11:13; 16:28; 18:8; 20:19; 25:8-10, 23; 26:20-28

**Губж** – 11:23; 12:16; 14:29, 35; 15:1, 18; 16:32; 19:11-12, 19; 20:2; 21:14; 22:24; 24:18; 25:23; 27:3-4; 29:8, 22; 30:33

**ГуцэфэшІын** – 6:34-35; 27:4

**Гуетныгъ** – 10:4-5; 12:11, 24, 27; 13:4; 14:23; 15:19; 28:19

**Гые/Гъэтэрэзыжьын** – 1:23а, 25б, 30б; 3:11-12; 5:12-13; 6:23б; 9:7-9; 10:17; 12:1; 13:1, 8, 18; 15:5, 10, 12, 31, 32; 16:16; 17:10; 19:20, 25, 27; 24:25-26; 25:12; 27:5-6; 28:23; 29:1; 30:5-6

**Джэнджэшэгъу/УпчІэжьэгъу** – 1:5, 25, 30; 6:22; 8:14; 11:14; 12:15; 15:12, 22; 20:18; 21:30-31; 24:5-6; 25:5

**Егъэзыгъэ/Жъалымыгъ** – 1:11-19; 3:31; 4:17; 10:6, 10, 11; 13:2; 15:27; 16:29; 21:7; 24:2

**Ешъоныр** – 20:1; 23:20-21, 29-35; 31:4-7

**Зиусхьаным игущыкIыгъу** – 3:32-33; 10:3; 11:1; 15:8-9; 16:5; 20:23

**Зэфагъэ зыхэлъыр** – 2:21; 3:32; 11:3, 6, 11; 12:6; 14:9, 11; 15:8, 19; 16:17

**Къэхъущтыр Зиусхьаным ыIэ илъ** – 16:1, 3-4, 9, 33; 19:21; 20:24; 21:2

**Мылъку/Байныгъ** – 10:4, 15; 11:4; 13:7, 8; 14:20; 15:16; 18:11, 23; 19:4; 22:2, 7; 23:4-5; 28:8

**Нэчыхь/Шъуз дэгъу** – 5:15-19; 12:4; 18:22; 19:14; 31:10-31

**Пэгагъэ** – 8:13; 11:2; 13:10, 14:3; 16:18, 19; 18:12; 21:24

**Пый/Джэгъогъу** – 10:12, 18; 15:17; 16:7; 24:17, 18; 25:21; 26:24-26; 27:6

**ПцIыусыныр** – 12:13; 16:28; 17:4; 19:5, 9; 21:6; 25:14, 18; 26:28; 29:12

**ТхьамыкI/ТхьамыкIагъу** – 6:11; 10:4, 15; 13:8, 18, 23; 14:21, 31; 16:19; 17:5; 18:23; 19:1, 4, 7; 21:13; 22:9, 22; 24:34; 28:3, 19, 27

**Тхьэм Ищынагъо** – 1:7, 29; 2:5; 3:7; 8:13; 9:10; 10:27; 11:9; 14:2, 26, 27; 15:16, 33; 16:6; 19:23; 22:4; 23:17; 24:21; 28:14; 29:25; 31:30

**Ушъый/ЦIыфым изекIуакIэ гъэтэрэзыжьыныр** – 19:25; 20:30; 21:11; 29:19

**Ушъый/Сабыйхэм ягъэсэн** – 3:11-12; 13:24; 19:18; 22:6, 15; 23:13-14; 29:15, 17

**ХэтакIо/зинэ шIэныр** – 2:16-19; 5:3-23; 6:26-35; 7:5-27; 23:27; 29:3

**Хьалэл** – 10:2; 11:24-26; 12:14; 14:21, 31; 19:17; 21:13; 22:9; 28:27

**ЦIыф зэфыщытыкIэхэр** – 13:20; 14:7; 27:6, 17; 28:7

**ЦIыфым изытет** – 14:10, 13; 15:4, 13; 17:22; 18:14

**Шъыпкъагъэ зиIэр** – 3:33; 4:18; 9:9; 10:3, 6, 7, 11, 16, 20-21, 24-25, 28, 30-31; 11:8-10, 21, 23, 28, 31; 12:3, 5, 7, 10-13, 21, 26; 13:5, 9, 21-22, 25; 14:19, 32; 15:6, 28-29; 20:7; 21:15, 18, 26, 29; 23:24; 24:15-16; 25:26; 28:1, 12, 28; 29:2, 6-7, 16

**Шъырытныгъ** – 11:2; 15:33; 16:19; 18:12; 22:4; 29:23

**Шъхьахынэ/Фэмыф** – 10:26; 12:27; 13:4; 18:9; 19:15, 24; 20:4, 13; 21:25; 24:30-34; 26:14, 15

**ЩыIэныгъ** – 5:7; 7:24; 8:32, 35-36

**ЩэIагъэ** – 12:16; 14:29; 15:18, 28; 16:32; 17:27, 28; 19:11; 21:23; 25:15; 29:11